Щlэныгъэ куурэ зэфlэкl лъагэрэ

2-нэ нап.

«Ислъамым и нур»

3-нэ нап.

Студентхэм я махуэр зэдагъэлъапlэ

4-нэ нап.

Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и налъэсым

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№8 (24.914) • 2026 гъэм щIышылэм (январым) и 27, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Щlыхь зыпылъ гъуэгуанэ

Налмэс Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкIыу Тэрч къалэм дэт заводыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 65-рэ зэрырикъумкIэ абы и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуну а IуэхущIапIэм щыIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Республикэм и Iэтащхьэм заводым и лэжьакIуэхэм я махуэ лъапIэмкIэ защыхуигъазэм жиIащ:

- ИКЪУКIЭ си гуапэщ пщIэ зиIэ мыпхуэдэ цIыхухэм - IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэмрэ и хьэщIэхэмрэ - сыфхэтыныр. Бжыгъэшхуэ илъэс 65-р? Дэтхэнэ зы цIыхуми къикIуа лэжьыгъэ гъуэгуанэр, абы и псэм щыщ Iыхьэ заводым и зыужьыныгъэм зэрыхилъхьар, Совет Союзыр щылъэлъэжа зэманым къыдэкIуа гугъуехьхэм зэрапэлъэщар, зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэр, иджырей зэманым къытхуагъэув лъэпощхьэпохэр - а псори зэпэплъытмэ, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ зиIэ илъэс бжыгъэщ! Дэ догъэлъапIэ ди нэхъыжьхэри нобэ IэнатIэм пэрытхэри - махуэ къэс зи лэжьыгъэр хьэлэлу къезыхьэлIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми Урысейми я промышленностым зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ дыдэ хуэзыщIхэр.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ IуэхущIапIэр къызэрызэрагъэпэщрэ гъуэгуанэшхуэ къызэрикIуар, зэрызэпагъэж, зэраубру налмэс Iэмэпсымэхэр къыщIэгъэкIынымкIэ къыщIидзауэ зэрыщытар. Нобэ абы и продукцэхэр япоуэф нэгъуэщI щIыпIэхэм щащIхэм, щIэупщIэшхуэ щаIэщ Урысейми хамэ къэралхэми. Абы щхьэхуэу я гугъу ищIащ илъэс зэхуэмыдэхэм IуэхущIапIэм и унафэщIу лэжьахэм - Тату БытIэ, Хьэжу Владимир, ЛIэужь Адэлбий сымэ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къэралым и экономикэр, заводым и лэжьакIуэхэр зыхэта гугъуехь къызэрымыкIуэхэр къызэранэкIыфри, IэнатIэри лэжьакIуэхэри зэтраIыгъэфащ, абы зрагъэужьащ. Ноби «Тэрчналмэсыр» Урысейм и налмэс IэнатIэм и IуэхущIапIэ пажэхэм ящыщщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностми бжьыпэр щиIыгъщ. Мыбы къыщагъэсэбэп технологиещIэхэр, налмэс IэрыщIхэр къыщIэгъэкIынми зыщрагъэужь.

- Заводым и лэжьакIуэхэм иджы къапэщытщ нэхъ мыхьэнэшхуэж зиIэ, жэуаплыныгъэ зыпылъ къалэнхэр. Шэч къытесхьэркъым, дыкъыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум, я щIыналъэм щыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэм я къару ирахьэлIэу, япэ итахэм я хабзэфIхэр ягъэбагъуэу, налмэсхэм елэжь тэрчдэсхэм ехъулIэныгъэщIэхэр къызэрахьынум. Си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкIыу фи махуэшхуэмкIэ иджыри зэ сынывохъуэхъу фэри, «Тэрчналмэс» акционер зэгухьэныгъэм и лэжьакIуэхэмрэ и ветеранхэмри, узыншагъэ быдэ фиIэну, фи унагъуэхэм зэIузэпэщыгъэ илъыну, фи Iуэху дэкIыу фыпсэуну, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ИужькIэ Iуэху гуапэ ирагъэкIуэкIащ - къэрал, IэнатIэм епха дамыгъэ лъапIэхэр иратыжащ ахэр зыхуагъэфэщахэм. Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэ **Хъущт Аслъэнбий**, УФ-м щIыхь зиIэ и машинэухуэ **Хьэжу Владимир**, «Налмэс Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкI Тэрч завод» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор **ЛIэужь Ахьмэд**.

Абыхэм заводым илъэсипщI бжыгъэкIэрэ зиужьыным хуэгъэпса лъабжьэ быдэр зыгъэтIылъа лэжьакIуэ нэхъыжьхэми, нобэ зи IэнатIэм пэрыт IэщIагъэлI нэхъ щIалэхэми фIыщIэ хуащIащ. Гулъытэшхуэ хуащIащ зы унагъуэм щыщу заводым щылажьэхэм - апхуэдэхэр мыбы щымащIэкъым - къащIэхъуэ щIэблэм я IэщIагъэмкIэ ядэгуашэу хабзэ дахэхэр зэрылъхэм, къыхаха IэщIагъэм хуэпэжу къэгъуэгурыкIуэхэм.

Налмэс Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкI Тэрч заводым и гуфIэгъуэ пшыхьыр зэхуэгуапэу, пщIэ зэхуащIу екIуэкIащ.

Зыужьыныгъэм и щапхъэхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щэбэт кIуам лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Шэрэдж щIыналъэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэр щIыпIэ администрацэм и унафэщIхэм ящIыгъуу тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ муниципалитетым гъэзэщIа зэрыщыхъум.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, лъэпкъ проект псори Урысейм и Президент Путин Владимир къыхилъхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэтщ щIыналъэхэм ехьэлIа проект псоми, Iэмал зэриIэкIи ухуэныгъэ нэхъыбэ къызэщIиубыдэу.

Жэмтхьэлэ къуажэм КIуэкIуэ Казбек зыщиплъыхьащ «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым хыхьэу зэрагъэпэщыжа амбулаторием - узыншагъэр хъумэным епха IуэхущIапIэхэу сымаджэхэм япэщIыкIэ зызыхуагъэзэхэр егъэфIэкIуэным теухуа программэм ипкъ иткIэ зэфIагъэкIащ а лэжьыгъэр. Абы и унэр илъэс щэ ныкъуэм нэблагъэкIэ узэIэбэкIыжмэ яухуауэ щытащ, ауэ апхуэдизу фIыуэ зэрагъэпэщыжащи, иджыри куэдкIэ цIыхухэм яхуэщхьэпэнущ. Абы и щIыбри къагъэщIэрэщIэжащ, унащхьэр, бжэ-щхьэгъубжэхэр, инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкIащ.

Сымаджэхэм щакIэлъыплъ пэшхэр егупсысауэ трагуэшащ: щхьэж пкърыт узыфэм теухуауэ зэхагъэщхьэхукIащ, сабийхэри балигъхэри я чэзум щыпэплъэкIэ тыншу здэщысын щIыпIэхэр яIэщ. Къуажэм цIыху минищ хуэдиз дэсщи, амбулаторэм зы махуэм цIыху 30-м щакIэлъыплъыфынущ.

Жэмтхьэлэ апхуэдэуи сыткIи зыхуей хуэзэу щызэрагъэпэщыжащ Атэбий М.Ч. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №2-р - а лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ «Егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьын» къэрал программэм хыхьэу.

2002 гъэм яухуауэ щыта еджапIэр метр зэбгъузэнатIэ минищ мэхъу. Мыбы щIэныгъэ щрагъэгъуэт сабии 130-м щIигъум.

ЕджапIэм иIэщ «Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» центр, иджырей библиотекэ, спортым зыщыхуагъасэ пэшышхуэмрэ шхапIэмри хъарзынэу къызэгъэпэщащ. Физикэмрэ химиемкIэ кабинетхэри а щIэныгъэхэм къыхуагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр щIэтщ. IуэхущIапIэм къедза щIыпIэри зэIузэпэщ ящIащ. Иджы школым ущылэжьэнуи ущеджэнуи нэхъ тынш хъуащ.

Курыт еджапIэхэр къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ Къэщкъэтау, Бабугент, Зэрэгъыж къуажэхэми. ЩIыналъэм и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным къэралым и мылъкуу сом мелуан 224,2-рэ, щIыналъэ, щIыпIэ бюджетхэм щыщу сом мелуан 11 хуаутIыпщащ.

Шэрэдж щIыналъэм щызэфIэкIащ километр 12,7-рэ хъу псы зэбгрытыкIыпIэ нэхъыщхьэм и ухуэныгъэр. Абы Iэмал къитынущ щIыналъэм и жылэ нэхъ инхэу Къэщкъэтау, Аушыджэр, Бабугент къуажэхэм щыпсэухэр псыкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхур егъэфIэкIуэнымкIэ. Иджы а бжьамийхэмкIэ хуаутIыпщыну псы къабзэр яIэрыхьэнущ цIыху мин 15-м щIигъу.

А проектыр ягъэзащIэ къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным хузэхалъхьауэ щыта программэмкIэ. Лэжьыгъэхэм хыхьэу зэрагъэпэщыжащ псы къыщIэшыпIэм узэрыIухьэ гъуэгури, псыр щагуэш псыкъуийри, ар щызэхуахьэс щIыпIэри. Псыр бжьамийхэмкIэ зэбгрышыным тэмэму кIэлъыплъыфын папщIэ зыхуэныкъуэ нэгъуэщI гъуэгуи яукъуэдиящ. А псори зэтраухуэмэ, псы зэбгрытыкIыпIэ нэхъыщхьэр лажьэу яутIыпщынущ.

Абыхэм нэмыщI, «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым хыхьэу Жэмтхьэлэ къуажэм щызэрахъуэкIащ псыр цIыхухэм зэрыхуаутIыпщ бжьамийуэ километри 4,4-рэ, Балъкъэр Ипщэм - километри 6,6-рэ.

Шэрэдж щIыналъэм щызэфIагъэкIыну я мурадхэм ящыщщ Зэрэгъыжрэ Безенгирэ спорт комплексхэр щыухуэныр, Кадыровымрэ Черкесовымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэныр, иджырей библиотекэ Безенги къыщызэIухыныр, Джэрпэджэж, Балъкъэр Ипщэ къуажэхэм я еджапIэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр, Къэщкъэтау еджапIэм и пщIантIэм дэт, Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплъым кIэлъыIэбэныр, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри. Пащэнущ фэтэр куэду зэхэт унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным, фэеплъ щIыпIэхэмрэ цIыху зэхуэсыпIэхэмри зэIузэпэщ ящIыным епха Iуэхухэми.

И кIэм ноблагъэ

Налшык и Александровкэ хьэблэм дэт сабий поликлиникэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр зэрыщекIуэкIым зыщигъэгъуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР мыгувэу и кIэм нагъэсынущ, зэман гъунэгъум педиатрие IэнатIэм и бжэхэр къызэIуихыжынущ, а хьэблэм щыпсэу сабийхэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэтынущ сыткIи егъэфIэкIуауэ щытыну IуэхущIапIэм.

Iуэхур ирагъэкIуэкI «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым хыхьэ «ЦIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэ медицинэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» программэмкIэ.

Апхуэдэу и кIэм нагъэс Психоневрологие диспансерым и сабий къудамэм щрагъэкIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэхэр. Абыхэм къакIэлъыкIуэу нэгъуэщI IуэхущIапIэхэри къызэхуэтыншэу зыхуей хуагъэзэжын щIадзэнущ.

Медицинэ IуэхущIапIитIри мазае мазэм къызэIуахыжынущ.

Налмэс Iэмэпсымэхэр зи IэрыкIхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэ, нэхъыжь дыдэхэм ящыщ «Тэрч налмэс» заводым игъэлъэпIащ ар къызэрызэIуахрэ илъэс 65-рэ зэрырикъуар. Абы иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэрэ депутатхэмрэ.

ХЬЭЩIЭХЭМ япэщIыкIэ зыщрагъэплъыхьащ езы IуэхущIапIэм. «Тэрч налмэс» заводым и унафэщI ЛIэужь Ахьмэд тепсэлъыхьащ налмэс Iэмэпсымэхэр къызэрыщIагъэкI щIыкIэм, заводым къыщагъэсэбэп иджырей Iэмалхэм.

Iуэхум хэтахэр щыIащ заводым и музейми. Абдеж абыхэм зыщыщагъэгъуэзащ «Тэрч налмэс» IуэхущIапIэр къызэрызэрагъэпэщам и тхыдэм. ХьэщIэхэр щагъэгъуэзащ заводым къыщыщIагъэкIым IэмалыщIэхэр хэпщэным щIэдзапIэ хуэхъуамрэ абы и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэмрэ. Я Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ Iэмэпсымэхэр зэпымыууэ егъэфIэкIуэным иужь зэритымрэ я фIыгъэкIэ, заводыр дунейм къыщыхъу

зэхъуэкIыныгъэщIэхэм псынщIэу поджэжыф, къыщIигъэкIым зрегъэубгъу, зэфIэкI зиIэхэми йохьэйохуэф.

Егоровэ Татьянэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ илъэс 65-р бжыгъэфIу къызэрилъытэр, а зэманым къриубыдэу «Тэрч налмэс» заводым зэрыхузэфIэкIар зиужьынуи бжьыпэр иIыгъынуи.

- БлэкIа илъэсхэм ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрывгъэхьэфащ: къэрал псом къыщацIыхуа Iэмэпсымэфlхэр къыщIывогъэкI, саугъэт лъапIэ куэд, УФ-м и Правительствэм къыбгъэдэкIхэри яхэту, къыпэкIуауэ, апхуэдэуи дунейпсо сатум ехъулIэныгъэкIэ фыхыхьащ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. - Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу сехъуэхъуну сыхуейщ IуэхущIапIэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэм, зыужьыныгъэм лъабжьэр хуэзыгъэтIылъа нэхъыжьхэм. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ нобэрей технологхэм, инженерхэм - дэтхэнэри емызэшыжу IуэхущIапIэр зэрефIэкIуэнум иужь итщ. ЛэжьакIуэхэр зыунэтI унафэщIхэми фIыщIэ яхуэфащэщ, сыту жыпIэмэ абыхэм я зэфIэкIымрэ жыжьаплъэу зэрыщытымрэ елъытащ IуэхущIапIэм и нобэри пщэдейри. Апхуэдэуи фIыщIэ ин яхузощI зи гъащIэр мыбы щызыхьа, зи IэщIагъэкIэ заводым щхьэпа лэжьакIуэхэм. Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Мы махуэшхуэр мурадыщIэхэм я щIэдзапIэ ирехъу. Сыхуейщ «Тэрч налмэс» заводыр дяпэкIи республикэр зэрыгушхуэ IуэхущIапIэу, урысей промышленностым и дамыгъэ лъапIэу щытыну. Нобэ хуэдэу фызэкъуэту, къалэн нэхъ гугъу дыдэхэр зэфIэфхыфу, лэжьэгъуэ махуэм гухэхъуэгъуэ къывиту ефхьэкIыну си гуапэщ.

Республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым къалэн дахэ игъэзэщIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIыр къэлъытауэ, абы КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иритащ «Тэрч налмэс» заводым. Апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и дамыгъэ лъапIэр хуагъэфэщащ зэраубру Iэмэпсымэ къыщIэгъэкIыным и унафэщI Мэремыкъуэ Артуррэ Iэмэпсымэ щIыпIэм разрядитху зиIэ и токарь Къандрокъуэ Станиславрэ.

Махуэшхуэм и щIыхькIэ ягъэлъэпIащ заводым и лэжьакIуэхэр, илъэс пщIы бжыгъэхэр IуэхущIапIэм тезыгъэкIуэда нэхъыжьхэр, зэфIэкI къэзыгъэлъагъуэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм и IэнатIэ щхьэхуэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэхэм мазэ къэс яхущIыгъуным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм властым и лэжьыгъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ я зэхуэдэ хабзэхэм я IуэхукIэ» 2021 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкIа - Федеральнэ закон №414-ФЗ-м и 48-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм зэрыщыгъэувам ипкъ иткIэ, «Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №756-м къыщыгъэлъэгъуахэм теухуауэ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щызэфIагъэкIхэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №757-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр хъумэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр щыщIэгъэхуэбжьэн, жылагъуэ шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщын икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм и IэнатIэ щхьэхуэхэм я лэжьакIуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэн мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм и лэжьакIуэхэу Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и щIыналъэ къудамэхэм къулыкъур щезыхьэкIхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм и унафэм щIэтхэм, апхуэдэу полицэм и гъуэгу-плъыр къудамэхэм я унафэщI нэхъыщIэ къулыкъухэм, участковэ уполномоченнэ нэхъыжь IэнатIэхэм пэрытхэм, полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я къудамэхэм я участковэ уполномоченнэхэм 2026 гъэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ зэрызыщIагъакъуэ ахъшэу (адэкIэ - мазэ къэс хущIагъу ахъшэ) сом 10000 яхуэгъэувын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэр хуит щIын мазэ къэс хущIагъу ахъшэр зэрыратыну щIыкIэмрэ абы пыщIа Iуэхухэмрэ зэкIэлъигъэкIуэну.

3. Мазэ къэс хущIагъу ахъшэм текIуэдэну мылъкур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхахыну гъэувын.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и пщэ илъхьэн мы Указым къыщыгъэлъэгъуахэр зэфIэгъэкIыным текIуэдэну мылъкур щыIэ хабзэм ипкъ иткIэ яхухихыну, апхуэдэуи абы теухуа зыхуэфащэ нэгъуэщI унафэхэри къиищтэну.

5. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ икIи ятохуэ 2026 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ зэфIэува хабзэ зэхущытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2026 гъэм щIышылэм и 15-м
№3-УГ

ЩIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Тау Хьэзешэ къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик, КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым и къызэгъэпэщакIуэу икIи и япэ унафэщIу, абы и адыгэ кафедрэм и IэщIагъэлI пажэу щыта Тау Хьэзешэ Талий и къуэр (1936 - 2020) жылагъуэм къыщацIыху, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, щIалэгъуалэм я ущиякIуэ, унэтIакIуэ Iэзэу. ЩIэныгъэлI щыпкъэм къигъэщIа дэтхэнэ зы махуэри къызыхэкIа лъэпкъым, абы и анэдэлъхубзэр джыным тыхь хуищIащ. Илъэситхум щIигъуащ Таур дунейм зэрехыжрэ. Псэужамэ, щIышылэм и 26-м ар илъэс 90 ирикъуат...

ДИ республикэм и Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Къамылыкъуэ адыгэ къуажэм къыщалъхуащ Хьэзешэ. Абы и адэ-анэ Талийрэ Куржанрэ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ унагъуэ яухуат. Хьэзешэ сымэ зэкъуэшиплI хъурти, щIэныгъэ, IэщIагъэ зэгъэгъуэтыным хуаущийуэ къагъэтэджащ адэ-анэм. Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ 1954 гъэм къиуха нэужь, щIэныгъэм зи нэ къыхуикI щIалэщIэр тегушхуэри, щIэтIысхьащ ди хэкум и еджапIэ нэхъ лъэрызехьэхэм а лъэхъэнэм хабжэу щыта Тбилиси къэрал университетым и филологие факультетым. Абы игу къызэригъэкIыжымкIэ, филолог IэщIагъэр къыхихынымкIэ чэнджэщэгъуфI къыхуэхъуат школым щезыгъэджахэри и Iыхьлы еджагъэшхуэ Щэрдан Iэбуи.

Щхьэх зымыщIэ Хьэзешэ студент гъащIэр жыджэру ирихьэкIащ, университетым щекIуэкI жылагъуэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхухэм я нэхъыбапIэм хэту. Абы и насып къикIат дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэлIхэу, академикхэу Рогавэ Георгий, Чикобавэ Арнольд, Ломтатидзе Кетеван сымэ щрагъаджэ университетым и студентыну. 1958 гъэм Таум еджэныр зэфIигъэкIащ икIи диплом плъыжь къыхуагъэфэщащ щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм папщIэ. Абы и егъэджакIуэхэм гу лъамытэу къэнакъым адыгэ щIалэщIэм зэфIэкI ин зэрыкъуэлъым икIи чэнджэщ иратащ а университет дыдэм и аспирантурэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну. Апхуэдэуи ищIащ Таум. Ар щIэтIысхьащ аспирантурэм икIи кавказыбзэхэр кууэ зыджа IэщIагъэлIым адыгэбзэм и зэхэлъыкIэм епха къэхутэныгъэ хьэлэмэт куэд зэфIихащ. Ахэр и лъабжьэт абы игъэхьэзыра и япэ щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэм. Ар ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ икIи филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ.

Щалъхуа щIыпIэм къигъэзэжа нэужь, Таур Шордакъ къуажэм дэт курыт школым и унафэщIу лэжьащ 1966 гъэ пщIондэ. ИужькIэ ар ирагъэблэгъауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым икIи илъэс 11-кIэ абы щылэжьащ щIэныгъэлI нэхъыщхьэу. А лъэхъэнэм пыщIащ Хьэзешэ адыгэбзэ псалъалъэхэм ехьэлIауэ иригъэкIуэкIа и къэхутэныгъэщIэхэри.

- ЗаулкIэ Iэпэдэгъэлэл сщIауэ щыта щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм зэуэ сатхьэкъужат абы щыгъуэ. Багъы Пётр зи унафэщI ди къудамэр елэжьырт къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъэгъэнахуэ, псалъэгъэнахуэ-фразеологие псалъалъэхэр гъэхьэзырыным. А Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иIэт, сыту жыпIэмэ адыгэбзэр зыIурылъ, абы ирилажьэ псоми езы псалъэхэм нэмыщI, абыхэм къарыкI мыхьэнэри гурыIуэгъуэу, убзыхуауэ, щапхъэкIэ щIэгъэбыдэжауэ я пащхьэ илъхьэныр къалэнышхуэт. Къинэмыщlауэ, псалъалъэхэм ди лъэпкъыбзэр яхъумэнут, адэкIэ зрагъэужьынут, - а зэманыр апхуэдэу игу къигъэкIыжат абы, иужьрейуэ сыщепсэлъылIам щыгъуэ. - Ди секторым и дэтхэнэ IэщIагъэлIми лъэкI къигъэнакъым Iуэхур япэкIэ кIуэтэн папщIэ. Лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIахауэ щытащ щIэныгъэлIхэу Апажэ Мухьэмэд, Багъы Пётр, Урыс Хьэталий, IутIыж Борис, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэу Таур пэрыхьэжащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм. Къыхэдгъэщынщи, а лъэпкъ щIэныгъэлI гупыр а лъэхъэнэм зэлэжьа псалъалъэр, псалъэ мин 31-м щIигъу зэрыхуар, иужькIэ къыщыдэкIащ Москва. Аращ адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ нэхъ ину ноби куэдым къэдгъэсэбэпыр.

ЛIэщIыгъуэ кIуам и 70 гъэхэм я пэщIэдзэм щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу ягъэуват Лъостэн Владимир. ЩIэныгъэлI ахъырзэманым, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм институтым щекIуэкI лэжьыгъэ псори къигъэщIэрэщIэжат. Илъэс зыбжанэ дэкIри, Лъостэныр КъБКъУ-м и ректору ягъэуващ. 1977 гъэм Лъостэным Таур университетым лэжьакIуэ иригъэблэгъащ. Абы лъандэрэ блэкIа илъэсхэм кърихубыдэу Хьэзешэ еджапIэ нэхъыщхьэм щылэжьащ, и щIэныгъи, и зэфIэкIи, и къаруи щIалэгъуалэм щIэныгъэ куу, гъэсэныгъэ нэс егъэгъуэтыным ирихьэлIэу.

Университетым Таум къулыкъу зыбжанэ щрихьэкIащ. Ар щытащ тхыдэ-филологие факультетым и унафэщIым и къуэдзэу, абы и декану, КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтым и директору, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщIу. Хьэзешэщ хамэ къэралхэм къикI студентхэм кууэ ядэлэжьэныр зэтезыублауэ щытар. Лэжьыгъэм зэфIэкIышхуэ къызэрыщигъэлъагъуэр, жэуаплыныгъэр зыхищIэу и IэнатIэм зэрыпэрытыр къалъытэри, 1996 гъэм Таур ягъэуващ КъБКъУ-м хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ и проректору. Хьэзешэ къилъытэрт лъапсэрых илъэси 100 зауэм и Iэужьхэр нобэ зышэч ди лъэпкъэгъу куэдым я бынхэр, абыхэм я быныжхэр ди университетым зэрыщеджэм мыхьэнэшхуэ иIэу. Зи адэжь Хэкум пэIэщIэ хъуа, зи анэдэлъхубзэр зыIурымылъыж щIалэгъуалэм я Iуэхур дэкIынымкIэ, я псэукIэм, еджэкIэм пыщIа Iуэхухэмкlэ сэбэп хъунымкIэ лъэкI къагъэнакъым Хьэзешэ абы и нэIэм щIэт IэщIагъэлIхэми.

Ар куэдрэ ятепсэлъыхьыжырт хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэр убзыхунымкIэ, адэкIи гъэбыдэнымкIэ сэбэпышхуэ къытхуэхъуахэм. Абыхэм къахибелджылыкIырт хэкупсэ нэсу къилъытэу щыта ХьэфIыцIэ Мухьэмэди ар зи пашэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэри. Ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу къэралхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм пыщIэныгъэ быдэ абыхэм зэрыхуаIэр щIэгъэкъуэнышхуэ зэрыхъури апхуэдэхэм зыкъомкIэ я фIыгъэу жиIэрт. 1989 гъэ лъандэрэ апхуэдэ студентхэм деканат щхьэхуи яIэу щытщ. Ди университетым мы зэманми щоджэ Тыркум, Иорданием, Сирием, Пакистаным, Кореем, Мароккэм, Мысырым, Ливаным, Югославием, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIа студентхэр. Ахэр зыхуеджэ IэщIагъэхэр здагъэзэжыну къэралхэр нэхъ зыхуэныкъуэхэрщ. Апхуэдэхэщ дохутыр, инженер, ухуакIуэ, егъэджакIуэ IэщIагъэхэр, нэгъуэщIхэри. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэхэр зэпэщу къызэгъэпэщыным икIи зэфIэхыным и къаруушхуэ ирихьэлIэу илъэс куэдкIэ лэжьащ Тау Хьэзешэ.

А лэжьыгъэ купщIафIэхэм къадэкIуэу Таум игъэхьэзыращ и доктор диссертацэри. «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и диалектологием хэлъ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр» лэжьыгъэр Хьэзешэ 1998 гъэм Москва ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ икIи филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор хъуащ. Къищынэмыщlауэ, нэгъуэщI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, методикэ лэжьыгъэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIащ Таум. Абыхэм ящыщщ «Адыгэбзэм и зэгъэпщэныгъэ грамматикэр», «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и диалектологиер», нэгъуэщIхэри. Хьэзешэ и дэтхэнэ тхыгъэри бзэ щIэныгъэм и хэлъхьэныгъэшхуэу къэплъытэ хъунущ. Ар зэман кIыхькIэ хэтащ КъБКъУ-м, КъБИГИ-м я доктор, кандидат диссертацэхэмкIэ, терминологиемкIэ советхэм. КъБР-м щыпсэу цIыхухэм я бзэхэм теухуа хабзэхэр зэхэзылъхьа гупым зэфIиха Iуэхухэми жыджэру хэлэжьыхьауэ щытащ ар.

ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм нэмыщI, Таур дапщэщи жыджэру хэтащ республикэм, къэралым щекIуэкI жылагъуэ гъащIэми. Ар куэдрэ пщIэ хуащIу ирагъэблагъэрт адыгэбзэр хъумэнымкIэ, абы зегъэужьынымкIэ дунейпсо конференцхэм, симпозиумхэм, абыхэм я утыкухэм доклад купщIафIэхэр щищIу. ЩIэныгъэлIыр псэуащ ди анэдэлъхубзэм и къэкIуэнум ирипIейтейуэ.

- Бзэр лъэпкъыр лъэпкъыу къозыгъэлъытэ Iэмэпсымэщ, хъугъуэфIыгъуэ инщ, - жиIэрейт Хьэзешэ. - Анэдэлъхубзэр тэмэму зыIурымылъыж, лъэпкъ щэнхабзэр, хьэл-щэнхэр, нэщэнэхэр зымыхъумэф лъэпкъым и къэкIуэнум дэрэжэгъуэ къозыт хэлъкъым. Бзэм и къэкIуэнум дапщэщи елэжьын, а Iуэхум щIэныгъэлI щIалэхэр ешэлIэн хуейщ.

А унэтIыныгъэмкIэ езы щIэныгъэлIми лъэкI къигъанэртэкъым. Абы и нэIэм щIэту кандидат, доктор лэжьыгъэхэр зригъэгъэзэщIахэр куэд мэхъу. Абыхэм ящыщщ щIэныгъэлIхэу УнэлIокъуэ Вячеслав, ХъутIэжь Заудин, Хьэщхъуэжь Заретэ, адыгэ бзэщIэныгъэм зи гъащIэр езыпха нэгъуэщI куэди. Таум къыдэлэжьахэми иригъэджа студентхэми ноби ящIэж щIэныгъэлIым и лекцэхэр купщIэшхуэ зыхэлъу, куэдым уезыгъэгупсысу зэрыщытар.

Лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным илъэс куэдкIэ хьэлэлу хуэлэжьащ Тау Хьэзешэ, пщэрылъ къыхуащI дэтхэнэ IэнатIэмкIи лэжьыгъэмкIи жэуаплыныгъэ ин зыхищIэу, зыпэрыт къулыкъухэр ныкъусаныгъэншэу зэрырихьэкIыным хущIэкъуу. Куэдым щапхъэ яхуэхъуу псэуа а нэхъыжьыфIым и фэеплъ дахэр сакъыу яхъумэ абы къыщIэна и унагъуэ дахэм: и щхьэгъусэ ХьэIишэт, ипхъухэу Евгение, Мадинэ, Ася сымэ. Хьэзешэ куэдрэ ягу ихунукъым абы къыдэлэжьахэм, и ныбжьэгъухэм, иригъэджа щIалэгъуалэм. ЩIэныгъэлI нэсым, щхьэгъусэ пэжым, адэ щыпкъэм къигъэна лъэужь нэхур куэдрэ хремыгъуащэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Тау Хьэзешэ хамэ къэрал щыщ студентхэм яхэту.

И къарурэ зэфIэкIрэ къихьыху

Абхъаз-адыгэ бзэ гупым и къэхутакIуэ нэхъ лъэщхэм, пажэхэм ящыщщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Тау Хьэзешэ Талий и къуэр. А щIэныгъэлI щыпкъэм и къалэмыпэм къыпыкIа дэтхэнэ къэхутэныгъэри бзэщIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуатэу зэрыщытым щыгъуазэщ икIи щыхьэт техъуэнущ адыгэбзэм елэжь IэщIагъэлI псори. Нобэ ар къытхэмытыжми, ар тщIыгъущ къытхуигъэна и лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ, чэнджэщ щхьэпэхэмкIэ, псалъэ дахэхэмкIэ.

ТАУ Хьэзешэ псом хуэмыдэу хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ бзэщIэныгъэм и Iыхьэхэу морфологиемрэ диалектологиемрэ. А лъэныкъуэхэмкIэ абы и къэхутэныгъэхэр тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ, лъэщ яхуохъу бзэм и зэхэлъыкIэм елэжь щIэныгъэлIхэми, езыгъэджхэми, бзэр зыдж студентхэми, еджакIуэ цIыкIухэми.

БзэщIэныгъэм и тхыдэм и цIэр кърихэнэну зрикъун щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ Хьэзешэ, ауэ абыкIэ игу зыхуэзэгъэжу тIысыж цIыхухэм ящыщакъым ар. И къарурэ зэфIэкIрэ къихьыху, щхьэхрэ ешрэ имыщIэу Таур пэрытащ фIыуэ илъагъу и лэжьыгъэ IэнатIэм.

Ди анэдэлъхубзэр гурэ псэкIэ зыхэзыщIэ, абы и хабзэхэм фIыуэ щыгъуазэ, ахэр кууэ къызыгурыIуэ щIэныгъэлIу зэрыщытам нэмыщI, Хьэзешэ хьэл-щэн дахэ зиIэ цIыху зэтетт. ЦIыхухэр дэзыхьэхыф, абыхэм я пажэу зэрыщытыф щэныр Тау Хьэзешэ къыдалъхуауэ жыпIэ хъунущ. Абы и нэIэм щIэту лажьэхэм гу лъыдмытэу къанэртэкъым Хьэзешэ пэжагъэрэ IущагъкIэ къызэрыдбгъэдэтым. Арат а ди унафэщIым пэтщI щымыIэу дыщIыдэгъуэгурыкIуар.

Сэ Тау Хьэзешэ сригъэджащ, унэтIакIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуахэм ящыщщ, егъэджакIуэу сиIахэм я нэхъ пажэу щытауи къызолъытэ. Студенту щIэздзэри, зэрысцIыхуа илъэсхэм кърихубыдэу абы куэдым сыхуигъэсащ, гу лъызигъэтащ. БзэщIэныгъэм и лъабжьэр къызэрызбгъэдилъхьам нэмыщI, и гъащIэ щапхъэмкIэ щэн дахэ куэдым сыкIэлъыплъыну зэман сихуащ. «Тау Хьэзешэ хуэдэ дыхъуащэрэт», - жытIэу, абы бгъэдэлъ акъылымрэ щэнымрэ дызыIэпашэу диIащ ар. ЩIэблэм щапхъэ яхуэхъу апхуэдэ нэхъыжьыфI уиIэну куэд и уасэт. И гъащIэ купщIафIэм епха апхуэдэ гукъэкIыжхэмкIэ Таур ноби куэдым гуапэу дигу илъщ.

ХЪУТIЭЖЬ Заудин, *КъБКъУ-м и доцент.*

Къуэш щIыналъэхэр зэпищIэу

1958 гъэ лъандэрэ си цIыхугъэу щытащ Хьэзешэ. Си цIыхугъэ жысIэ щхьэкIэ, абырэ сэрэ ди зэхуакум ныбжьэгъугъэшхуи дэлъащ. Тбилиси дэт къэрал университетым и филологие факультетым а гъэм сыщыщIэтIысхьам, адыгэ щIалэ гуп абы щеджэрт. Абыхэм ящыщт Тау Хьэзешэ. Ар абы щыгъуэ еплIанэ курсым щIэст. Мейкъуапэ икIахэм - Бырсыр Батырбий, Гъыш Нухь, сэ - Хьэзешэ псынщIэ дыдэу ди цIыхугъэ хъуащ икIи абы и чэнджэщ куэдым и фIыгъэ къыдэкIащ.

А зэманым бзэщIэныгъэм ехьэлIа тхылъхэр гъуэтыгъуейуэ щытащ, ахэр зыIэрыдгъэхьэнымкIэ, къыдата унэ лэжьыгъэхэр тщIынымкIэ Хьэзешэ зыкъытщIигъакъуэу щытащ. А илъэсхэм Тбилиси щылэжьа, дезыгъэджа, бзэщIэныгъэлI цIэрыIуэхэхэм яхэттэкъым Хьэзешэ къыщымытхъу, дэри, студент нэхъыщIэхэр, абы дыдэплъеину дыкъыхураджэрт. Дызэреджэ программэм куржыбзэри (грузиныбзэри) дджын хуейуэ къигъэувырти, а хамэбзэм и хьэрф дамыгъэхэм я тхыкIэр хуабжьу къыттехьэлъэрт. Ар къэдгъэIурыщIэнымкIи Хьэзешэ къыддэIэпыкъуу щытащ, ауэ абы и хъэтI дахэм ещхьу тхэф дэ зыри къытхэкIакъым. Псоми дгъэщIагъуэрт куржыбзэмкIи Хьэзешэ бгъэдэлъ апхуэдэ зэчийр.

Лэжьэн щIэддза нэужьи, Адыгэ Республикэм щыщ бзэщIэныгъэлIхэм Хьэзешэ Iуэхугъуэ куэдкIэ зыкъытщIигъэкъуащ. Ди щIэныгъэ лэжьыгъэхэм, диссертацэхэм рецензэ яхуитхыу щытащ, бзэщIэныгъэм ехьэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI конференцхэм дыхигъэтт щIэх-щIэхыурэ. Хьэзешэ КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтым и унафэщIу щылэжьа илъэсхэм Адыгэ Республикэм щыщ профессорхэр кърригъэблагъэрэ аспирантхэмрэ студентхэмрэ яхуигъазэу щытащ. Хьэзешэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщIу щылэжьа илъэсхэми къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ адыгеибзэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным, ахэр езыгъэдж бзэщIэныгъэлIхэр зэгурыIуэу зэдэлэжьэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIауэ къэлъытапхъэщ. Куэдрэ сигу къокIыж а зэманым адыгеибзэм хуеджэ студентхэр КъБКъУ-м тхьэмахуэ-тхьэмахуитIкIэ къэдгъэкIуэфрэ адыгэбзэ езыгъэджхэу Нало Ахьмэдхъан, Тау Хьэзешэ, Къэмбэчокъуэ Iэдэм, УнэлIокъуэ Вячеслав сымэ я лекцэ купщIафIэхэм щIэсу зэрыщытар. Зэкъуэш щIыналъэхэм яку дэлъ апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэри къызэзыгъэпэщу щытар Тау Хьэзешэщ.

Апхуэдэ лэжьыгъэфI куэд зэфIихащ Тау Хьэзешэ, щIэныгъэлI Iэзэм, къэхутакIуэ емызэшым, ныбжьэгъу пэжу илъэс куэдкIэ сиIам. Ар зыцIыхуу щыта куэдым я дежкIэ хьэлъэщ адыгэлI нэсыр зэрыщымыIэжыр. Абы бгъэдэлъа Iуэху зехьэкIэ дахэр адэкIэ зыгъэкIуэтэфын иужь Тхьэм къригъэувэ.

АБРЭДЖ Ачердан,
Адыгэ къэрал университетым и профессор, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор.

ГъащIэ купщIафIэ

Зи фэеплъыр мы махуэхэм дгъэлъапIэ Тау Хьэзешэ Талий и къуэр лъэпкъ бзэщIэныгъэм лъэужьыфI къыщызыгъэна адыгэ еджагъэшхуэхэм ящыщщ. ЗэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъа абы и закъуэ зы махуэм хузэфIэкIыр нэхъ щIалэхэми ялъэмыкIыным хуэдэт. Къыщыхъу щыIащ (заочнэу еджэхэр сессие къыщыкIуам деж) сыхьэтипщIкIэ лекцэ щиIэ, е махуэ ныкъуэкIэ зачёт, экзамен къыIихауэ, сыхьэти 4 - 6-кIэ студентхэр щригъаджэ.

ЦIЫХУМ гъащIэ гъуэгуанэ къыщикIуам, и ныбжьыр зы гъунапкъэ гуэрым щынэсам деж, зыщIэгупсысыжыни, къикIуа лъагъуэм ириплъэжыни хуейщ, «Къэзгъэщlар мащIэ-куэдми, нобэр къыздэсым лъэпкъым, лъахэм зыгуэркIэ яхуэщхьэпэну сыт сэ злэжьар?» - жиIэу. БзэщIэныгъэлIыр Iуэхуншэу зы махуи щысакъым, уеблэмэ егъэджакIуэхэм зыщагъэпсэху гъэмахуэ мазэхэми, ар и кабинетым щыбгъуэтынут.

Тхылъ, брошюрэ щхьэхуэми, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэми Хьэзешэ и Iэдакъэ щIэкIар куэд мэхъу. Абы и лэжьыгъэ куэд къытрадзащ Карачаевск, Налшык, Мэзкуу, Тифлис, Сыхъум, Черкесск, Грознэ, Псыхуабэ, Мейкъуапэ, Мэхъэчкъалэ къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм. Абы къыщынэрэ! БзэщIэныгъэм елэжь куэдми ядэIэпыкъуащ, нэхъыбэжми рецензэхэр яхуитхащ, аспирантхэм, магистрхэм, студентхэм чэнджэщэгъу яхуэхъу зэпытт. КIэщIу жыпIэмэ, Тау Хьэзешэ и гъащIэм щыщ дэтхэнэ махуэри IуэхуфIкIэ гъэнщIауэ щытащ.

Псэ хьэлэлу, зэIухауэ ябгъэдэтащ егъэджакIуэр студентхэм. ФIыуэ сощIэж, етIуанэ курсым дыщеджэу, цIыхухъу екIур, зэщIэкъуар «Къэбэрдей-шэрджэс диалектологие» курсым къытхуеджэну япэу ди пащхьэ къыщиувауэ щытар. Абы лъандэрэ илъэс куэд дэкIащ, иджы сэри курс зэхуэмыдэхэм щIэс студентхэм я деж сыщIыхьэурэ лекцэ сакъыхуоджэ, семинархэр изогъэкIуэкI. АтIэми, дапщэщи си гум илъщ профессор Тау Хьэзешэ Iуэху зехьэкIэу бгъэдэлъар. Аращ сэ егъэджакIуэу, гъуэгугъэлъагъуэу сиIар. «Адыгэ псалъэу къэрэшей-балъкъэрыбзэм хэтхэр» си кандидат диссертацэр щызгъэхьэзырми, Хьэзешэщ си щIэныгъэ унафэщIу щытари.

Сэри сахэту Таум и гъукIэгъэсэнхэр куэд мэхъу, ар зи унафэщIу щыта «кIыщым» ноби щоджэ икIи щолажьэ адыгэ бзэщIэныгъэм зи гъащIэр езыпха IэщIагъэлI куэд. ГъащIэ купщIафIэ къэзыгъэщIа, зи ужьыр махуэ тхуэхъуа Тау Хьэзешэ и фэеплъыр сакъыу дохъумэ абы дэлэжьахэм, иригъэджахэм, зыцIыхуу щыта куэдым.

УНЭЛIОКЪУЭ Вячеслав,
филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент.

Фэеплъ

ФIыкIэ я гум къинащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурору щыта Чэт Юрэ Махъсидэ и къуэр псэужамэ, нобэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъунут.

АР КъБР-м и Аруан щIыналъэм хыхьэ Шытхьэлэ къуажэм 1951 гъэм къыщалъхуащ.

Курский Д.И. и цIэр зэрихьэу Саратов къалэм дэт институтыр 1974 гъэм къиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и органхэм лэжьэн щыщIидзащ - Налшык къалэ и прокуратурэм и стажёру ягъэуващ, 1975 гъэм и мэкъуауэгъуэм щегъэжьауэ Налшык и Ленинскэ районым и следователу щытащ. А илъэсым и дыгъэгъазэм а къулыкъум къыпэрыкIыжащ, парт лэжьыгъэм зэрыкIуэм къыхэкIыу. Чэтым къиухащ парт школ нэхъыщхьэр. Ар щытащ КъБАССР-м хабзэм ехьэлIа политикэмкIэ и къэрал чэнджэщэгъуу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхынымкIэ комиссэм и унафэщIу, КъБР-м и Президентым хуитыныгъэм пыщIа политикэмкIэ и чэнджэщэгъуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым и секретару.

1998 гъэм и бадзэуэгъуэм ар ягъэуващ КъБР-м и прокурорым и къуэдзэу, республикэ прокурорым и къалэнхэр и пщэрылъу.

Урысей Федерацэм и прокурорым и унафэкIэ 1999 гъэм гъатхэпэм и 12-м Чэт Юрэ Махъсидэ и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор хъуащ.

2007 гъэм и мэкъуауэгъуэм къыщыщIэдзауэ псэуху Чэт Юрэ республикэм и Конституцэ судым и унафэщIым и къуэдзэ къулыкъум пэрытащ.

И лэжьыгъэфIым папщIэ абы къэрал гулъытэ игъуэтащ. Хабзэр гъэбыдэным щиIэ фIыщIэм, прокуратурэм и органхэм къэмылэнджэжу къулыкъур зэрыщрихьэкIам папщIэ Юрэ Махъсидэ и къуэм кърататщ Iэщэ, тыгъэ лъапIэхэр, къыхуагъэфэщащ «Хабзэм зэрыхуэпэжым папщIэ» дамыгъэм и III нагъыщэр. 2004 гъэм абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр, 2006 гъэм юридическэ щIэныгъэхэмкIэ я доктор хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и органхэм зэрыщылэжьа зэманым Чэт Юрэ и нэIэм щIэтхэм я IэщIагъэм хагъэхъуэнымкIэ IэмалыфIхэр яриту щытащ. Гулъытэ хэха хуищIащ кадрхэр я IэщIагъэм хуэIэзэу щытыным, IэщIагъэлI куэд иужькIэ къулыкъу нэхъыщхьэхэр зыхуагъэфэща IэщIагъэлI куэд игъэхьэзыращ, Урысей Федерацэм и прокурорхэри яхэту.

Абы и гъащIэ гъуэгуанэр пщIэрэ щIыхьрэ иIэу къикIуащ, хабзэм и хъумакIуэхэм къахуэщхьэпэн, щапхъэ яхуэхъун лъэужьыфI къигъэнащ.

Зи цIэр республикэм и тхыдэм фIыкIэ хыхьахэм ящыщщ Чэт Юрэ. 2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 2-м дунейм ехыжащ, хьэлъэу сымэджа нэужь. Ар щIэныгъэлI, унафэщI, IэщIагъэлI нэст, цIыхугъэр, и къалэнымрэ тхьэрыIуэмрэ хуэпэжыныр япэ изыгъэщт. ИпэжыпIэкIэ, Чэт Юрэ Хэкум къулыкъу хуэщIэным зи гъащIэр езыпха, унафэщI акъылыфIэт, дзыхь зыхуащI ныбжьэгъуфIт. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм, Ветеранхэмрэ пенсионерхэмрэ я советым хэтхэм сыт щыгъуи я гум илъынущ.

УАРДЭ Жантинэ.

КIэщIу

Зэлэжьын я куэдщ

Шэджэм къалэм Лениным и цIэр зезыхьэ, Советскэ уэрамхэм псы къабзэ зэрыкIуэ я бжьамийхэр зэхъуэкIыным пащэнущ мы гъэми. Псори зэхэту абыхэм километри 6-м щIигъу я кIыхьагъщ.

АБЫ нэмыщI, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и хьэблэщIэм псы къыщIэзыш скважинэ щагъэувынущ, бжьамийуэ псори зэхэту километри 8 я кIыхьагъыу щашэщIынущ. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ «Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

Апхуэдэуи, Шэджэм щIыналъэ администрацэм и мылъкукIэ абы и нэгъуэщI къуажэхэми жьы хъуа бжьамийхэр щызэрахъуэкIынущ. Абыхэм ящыщу нэхъ ин дыдэр Шэджэм ЕтIуанэм Лениным и цIэр зезыхьэ, километри 3,5-рэ зи кIыхьагъ и уэрамырщ.

Шэджэм къалэм псы зэрыкIуэ бжьамийхэр щызэрахъуэкIынущ Шакъхэ я цIэр зезыхьэ уэрамым, Щхьэлыкъуэ къуажэм - ЦIыпIынэмрэ Щокъарэмрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм. Абыхэм зэхэту километри 2-м нэблагъэ я кIыхьагъщ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ Яныкъуей къуажэм Кайтаевхэ я цIэр зезыхьэ, Лашынкъей жылэм и Надречнэ уэрамхэми.

IэнатIэм зеужь

2026 и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щатхауэ щытащ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэт IуэхущIапIэу 24502-рэ, абыхэм ящыщу 5996-р юрлицоуу, 18506-р уней IуэхущIапIэу. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм процентн 108,3-кIэ хуокIуэ ар.

Я щхьэ хуэлэжьэжыну налог хэзых IэнатIэхэм зыщезыгъэтхахэм я бжыгъэр цIыху 94856-рэ хъуащ, абыхэм ящыщу 90771-р физлицоуэ, 4085-р уней хьэрычэтыщIэхэу. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIахэм нэхърэ процент 16,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ ахэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2026 гъэм хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр (финанс, хъыбар егъэщIэн, чэнджэщ, егъэджэныгъэ) иратынущ «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

Школ зэпэщхэр хуагъэхьэзыр

2026 гъэм Прохладнэ щIыналъэм курыт еджапIэу 6 къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжынущ. А лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ, абыхэм я еджакIуэу 830-м щIигъум школ зэпэщхэр яIэ хъунущ.

КЪАГЪЭЩIЭРЭЩIЭЖЫНУ школхэм яхэтщ Альтуд, Лесной, Малакановскэ, Псыншокъуэ къуажэхэм щыIэхэр. Абыхэм трагъэкIуэдэну сом мелуан 73-м нэблагъэр къэрал, республикэ бюджетхэм къыхэкIынущ.

Нэгъабэ Прохладнэ щIыналъэм и нэгъуэщI курыт еджапIэхэри зыхуей хуагъэзащ, школыщIэхэри къыщызэIуахащ. Псалъэм къыдэкIуэу, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ Солдатскэ станицэм и курыт еджапIэр. Прималкинскэ, Красносельскэ жылэхэм школыщIэхэр щаухуащ. Лэжьыгъэхэр зыхуагъэувыжа пIалъэхэм зэфIагъэкIащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Унафэ 30-м щIигъу

«Егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыныр, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр дэIыгъыныр депутатхэм ягъэнэхъапэ Iуэхухэм ящыщщ. Абыхэм я фIагъым елъытащ къэралым и зыужьыныгъэр зыхуэдэнур. Мыхьэнэшхуэ иIэщ ныбжьыщIэхэр зыхуеджэ Iуэхум фIыуэ хуэгъэхьэзырыным и мызакъуэу, жылагъуэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIу щытынми. Абы папщIэ къэралым и экономикэм и IэнатIэ зэхуэмыдэхэр зыхущыщIэ лэжьакIуэхэм ятещIыхьауэ егъэджэныгъэр къызэгъэпэщын хуейщ», - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав.

УРЫСЕЙМ и Хабзэубзыху IэнатIэм и еянэ зэхуэсыгъуэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ студентхэр дэIыгъыным, щIалэгъуалэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыным и IуэхукIэ къэрал унафэу 30-м щIигъу къащтащ. Абыхэм ящыщ зыбжанэр теухуащ медицинэ IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзырым и фIагъым хэгъэхъуэным. «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр IэщIагъэлI нэсхэмкIэ къызэгъэпэщауэ, ди къэралым и цIыху псоми зэхуэдэу зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр ягъуэту щытыпхъэщ», - къыхигъэщащ Володиным. Апхуэдэу, медицинэ, фармацевт щIэныгъэхэр зызыгъэгъуэтхэр зэпэIухауэ ирагъэджэну хуиткъым. «УзыншагъэмкIэ IэнатIэм и IэщIагъэлIхэм щIэныгъэ щызрагъэгъутыпхъэр лэжьыгъэм и пIалъэ фIыуэ зыщыхагъэгъуэзэфыну щытыкIэхэр къыщызэгъэпэща егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэрщ», - жиIащ депутатым.

Къищынэмыщlауэ, гулъытэ хэха хуащI дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм, я бынхэм ящыщу еджапIэхэм щIэсхэр дэIыгъыным. ЗауэлIхэр, абыхэм я сабийхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм, колледжхэм щIэтIысхьэнымкIэ худэчых щхьэхуэхэр яIэщ.

ЩIышылэм и 27, *гъубж*

♦Нацизмэм ихьахэм я фэеплъым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ

♦**1941 гъэм** «КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

♦**1968 гъэм** Налшык Музыкэ театр къыщызэIуахащ.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэгъэжей Джонсон**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ композитор, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Жырыкъ Заур**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Чэт Юрэ**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Руслан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 6, жэщым градуси 4 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бжьэ зыдэсым фо дещIэ.

Ислъамым и нур

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

Утыкушхуэ зэдауэ

«Тхьэ щыIэ?» ФIэщхъуныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхум игъэувыну фIэмыдурыс а упщIэр и псалъащхьэу, Индием щыIэ Болливуд къалэм щIэныгъэ зэдауэ гъэщIэгъуэн щекIуэкIащ дыгъэгъазэм и 30-м. Абы щызэпэщIэуващ уэрэдус Ахтар Джаведрэ муслъымэн щIэныгъэлI щIалэ Нэдуий Шамаилрэ.

«ЗИТЭРЭ Гитэрэ», «ЛъыщIэжымрэ хабзэмрэ» («Месть и закон»), «Гувауэ япшынынжа щIыхуэ» («Затянувшаяся расплата»)... Зи зэманыгъуэр совет лъэхъэнэм хиубыдахэм, къуажэ клубхэм инд фильмхэм нэхърэ нэхъ удэзыхьэх къагъэлъагъуэу щыщымытам щыгъуэ, мы зи цIэ къитIуахэм я хъыбар зэхахагъэнщ. Урысеймрэ Индиемрэ нэхъри нэхъ зэфI хъуа иужь, ахэр телевиденэми къыщагъэлъэгъуэн щIадзауэ щытащ. АтIэ мис а теплъэгъуэ ехьэжьахэм макъамэ ящIэзылхьа макъамэтхщ илъэс 27-рэ фIэкIа зи мыныбжь муслъымэн щIалэм Тхьэ щымыIэу и фIэщ ищIыну хуежьар.

«ЗэпэщIэуващ» жытIэмэ, дэ къидгъэкIыркъым ахэр зэфIэнауэ е зэщыIеяуэ. Уеблэмэ а щIэныгъэ зэдауэр апхуэдизкIэ фэ тету екIуэкIащи, гупсысэкIэкIэ зэтемыхуэ цIыхухэр апхуэдэу зэпсэлъэфу щытамэ, зауи бани къэмыхъейуэ, зым и фIым адрейр дэплъейуэ, мамыру зэдэпсэунт.

Зэдауэр езыгъэкIуэкIыр зэпэщIэуваитIым я зэхуакум дэсу, щхьэж и телъхьэ зытIощIырыпщI я гупэмкIэ къису зэпсэлъахэщ къекIуэлIахэр. ТIури дакъикъэ блырыблкIэ тIэу игъэпсалъэри, итIанэ упщIэхэр зым адрейм ириту, къекIуэлIахэми зыхуей упщIэхэмкIэ зыкъыхуагъэзэу, дахэу екIуэкIащ зэIущIэр. Гум нэхъ къинэжа пычыгъуэ зыбжанэм я гугъу тщIынщ.

Ахтар Джавед жиIэрт: «Дунейм тет дин псоми щIэныгъэр, наукэр я бийщ. Апхуэдэу щымытмэ, сыт щхьэкIэ «фи фIэщ фщIы» жаIэрэ? Псалъэм папщIэ, зы тхылъ лъапIэ динозаврхэм ятепсэлъыхьыркъым».

Абы жэуап щритым, Нэдуий Шамаил жиIащ: «Диныр щIэныгъэм и бийкъым. И бийуэ щытмэ, зыгуэр и дагъуэщ. Диныр зи бийр «саентизм» жыхуаIэращ: дунейм щекIуэкI псори щIэныгъэм и закъуэкIэ гурыIуэгъуэ пщIы хъуну къызыщыхъу бгъэдыхьэкIэрщ. Динозаврхэм я гугъу тщIымэ, псалъэм папщIэ, абыхэм математикэри ятепсэлъыхьыркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, тхылъ лъапIэхэм зи гугъу ящIыр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэрщ. Абыхэм я къалэнкъым дунейм щызекIуэ псори зэпкърахыныр. Тхылъ лъапIэхэм я мыхьэнэр нэрымылъагъу дунейм и зэхэлъыкIэм щыгъуазэ уащIынымрэ цIыхухэм щэныфIагъ халъхьэнымрэщ».

Тхьэр зи фIэщ мыхъухэм сытым дежи «нэр зэрыращIыр» дунейм гузэвэгъуэ зэрытетырщ. «Алыхь щыIэмэ, щхьэ, псалъэм папщIэ, Палестинэм мин бжыгъэкIэ муслъымэн сабийхэр щригъэукIрэ?» Шэч хэлът муслъымэн щIэныгъэлIым ар игу къызэреуэм, ауэ щыхъукIэ, атеистхэм жэуапыр зыхуашэр Алыхьыр Езыр зи фIэщ хъухэм къащхьэщымыж хуэдэу къыпщызыгъэхъупхъэ щапхъэрт. АрщхьэкIэ а упщIэ гугъуми жэуап иритыфащ щIалэм: «Израиль жыхуэфIэ къэралыр щыIэххэкъым, ар Палестинэм и щIыр зыубыда бийм и тIысыпIэу аращ. Сабийхэм лей къазэретехьэм и гугъу пщIымэ, Тхьэр ГущIэгъулы къудейкъым, Ар икIи Iущщ. Абы и Iущыгъэмкlэ абдеж къыщыхъум и пэжыпIэр къызэщIиубыдэ щхьэкIэ, цIыхум илъагъу тIэкIумкIэ ар зэхэкIа хъунукъым. Хэт зыщIэр абдежым щыхэкIуадэхэм ягъуэтыну ахърэт гъащIэр зыхуэдэр? Мис мыбдежыр ди зэхэгъэкIыпIэщ. Тхьэр зи фIэщ мыхъухэм зигу къабзэ цIыхум ишэчыр пщIэншэу, мыхьэнэ имыIэу къыщохъу. Тхьэр зи фIэщ хъум ещIэ гъащIэ нэрымылъагъуи зэрыщыIэр, пэжым тетым и псапэмрэ гуэныхьымрэ къапщытэжмэ, ар фIым зэрыхуэкIуэнур».

«Иджыпсту картэр къасщтэмэ, дин щызэрахьэ къэрал здэщыIэхэм дежщ зауэ нэхъыбэ щекIуэкIыр», - жиIэу Ахтар къыщыпсалъэм, Нэдуий жэуап иритыжащ: «Картэр къапщтэрэ уеплъмэ, дин щызэрамыхьэ къэралхэм цIыхубзхэм къащытехьэ лейм хуэдиз дин щызэрахьэхэм щыплъагъунукъым, процент бжыгъэкIэ зэбгъапщэмэ».

Апхуэдэ защIэу, упщIэхэмрэ жэуапхэмрэ зэжьэхэмыуэу екIуэкIащ щIэныгъэ зэдауэр. Абы и джэрпэджэжыр апхуэдизкIэ инти, ди дежи къыщIэсар арагъэнщ.

«Мы щIалэмрэ сэрэ иджыпсту дыкIуэнурэ зэгъусэу шей дефэнущ», - жиIащ зэдауэм и кIэм Ахтар. АбыкIэ жиIэну зыхуейр щхьэж и Iуэху еплъыкIэм къытена щхьэкIэ, узэпсэлъэфу, уигу илъыр адрейм къыгурыбгъэIуэфу ущытын зэрыхуейрт.

Сыхьэтрэ ныкъуэкIэ екIуэкIа псалъэмакъыр кIыхьыIуэщ зэрыщыту къэпхьынкIэ, ауэ гъэщIэгъуэну абы къыдэкIуар сыт жыпIэмэ, Тхьэр зи фIэщ мыхъу уэрэдусыр зытетым къытенэжа пэтми, Iэдэб дахэ зыхэлъ, щIэныгъэ лъабжьэ быди зиIэ Нэдуий Шамаил и фIыгъэкIэ, цIыху мин бжыгъэхэм ислъам диныр къащтауэ, е иджыри къэс хуамыщIа гулъытэр хуагъэзауэ къыщIэкIащ. Уеблэмэ а Iуэхур апхуэдизкIэ гуащIэ хъуати, нэгъуэщI дин зезыхьэхэмрэ зезымыхьэххэхэмрэ игъэгужьейри, щIалэр ягъэпщкIун, абы утыкум къыщыщхьэщыжын хуей хъуауэ ягъэхъыбар.

ЦIыху куэд и ужьым зэриувар, ислъамым зэрызратар щыжраIэм, Нэдуий Шамаил жиIащ: «ТекIуэныгъэу къэлъытапхъэр интернетым цIэрыIуэ ущыхъунракъым. Ди зэIущIэм къегъэлъагъуэ Индием кIуэ пэтми апхуэдэу утыкум ущызэдэуэныр хабзэ зэрыщыхъур, дэтхэнэ зыми и дуней тетыкIэр къигъэлъэгъуэфу, цIыхухэр зэрыщызэблэкIыфыр».

«Нарият» щэлэуатым къыдэкIуэ фIыгъуэхэр

Муслъымэныр гъэунэхупIищым я зым итщ, жаIэ щIэныгъэлIхэм: е и узыншагъэкIэ гугъу йохь, е мылъкукIэ хэщIыныгъэ егъуэт, е и щхьэкIэ пудыныгъэ ешэч. «Сэ Сыгъунэгъущ, къызэлъэIуу зыкъысхуэзыгъазэм жэуап изот», - щIыжиIар арагъэнщ Алыхь Лъагэми.

ЗЭРЫТ щытыкIэр яхъуэжын мурадкIэ Алыхьым зэрызыхуагъазэ Iэмалхэм язщ Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и щэлэуатхэр. Псом хуэмыдэу къаруушхуэ иIэу къалъытэ «Нарият» щэлэуатым. Девгъэплъыт абы и мыхьэнэм и дахагъым:

«Алыхьу ди Тхьэ! Уи хъуэхъум я нэхъ нэгъэсамрэ уи сэламым я нэхъыфIымрэ лъыгъэс зи фIыгъэкIэ гугъуехьхэр IукIуэт, хьэзабымрэ гуныкъуэгъуэхэмрэ зыдэкIуэд, хъуэпсапIэхэр къозыгъэхъулIэ, плъапIэхэм уатезыгъэIэбэ, IуэхуфIхэр дахэу езыгъэух, зи хьэтыркIэ уэшх къиутIыпщ ди зиусхьэн Мухьэммэд. Хъуэхъурэ мамырыгъэрэ ялъыус абы и унагъуэми, и гъусахэми тэлай къэс, бэуэгъуэ къэс, Уэ зэрахуэбгъэфащэ бжыгъэм хуэдизкIэ».

Щэлэуатыр къэзбжынщ жызыIэхэм папщIэ, и къэпсэлъыкIэр адыгэ хьэрфкIэ къэтхьынщ:

«Бисмиллахьи. Аллахьуммэ! Щэлли щэлатэн камилэтэн уэ сэллим сэламэн таммэн гьэла сэйидина Мухьэммэдинил лэзий тэнхьэллу бихьил гьукъэду, уэ тэнфэриджу бихьил курэбу, уэ тукъда бихьил хьэуаIиджу, уэ туналу бихьир рэгъаIибу, уэ хьуснул хъэуатими. Уэ юстэскъэл гъэмаму би уэджхьихьил кэрийми, уэ гьэла Iалихьий уэ щэхьбихьи фий кулли лэмхьэтин уэ нэфэсин би гьэдэди кулли мэгьлуумил лэк».

«ХъуэпсапIэхэр зэрызрагъэхъулIэ Iэмал щэху» зыфIаща мы щэлэуатым и цIэр «нар» - «мафIэ» псалъэм щIрапхауэ жыхуаIэр, абыкIэ узыщIэлъэIу псоми мафIэм хуэдэу псынщIэу узэрытеIэбэрщ.

Пасэ зэманым Мароккэ щыпсэуа муслъымэнхэр щытыкIэ гугъу щихуэм деж, мы щэлэуатыр 4444-рэ къабжу щытауэ жаIэж.

«КъуртIубий и щэлэуат» цIэри зэрехьэ мыбы, КъурIэныр тэфсир зыщIа Iэл-КъуртIубий щIэныгъэлIым и цIэм къытекIауэ. Щэлэуатым теухуауэ абы жиIэу щытащ: «Iуэхушхуэ гуэр къехъулIэну е гузэвэгъуэ гуэр щхьэщыкIыну хуей цIыхум хуэфэщэн гухэлъ ирещIи, мы щэлэуатым 4444-рэ кърыреджэ, иужькIэ зыхуеймкIэ Алыхьым ирелъэIу». Иджыри жеIэ: «Мы щэлэуатым махуэ къэс 41-рэ е 100-рэ къеджэ цIыхур хьэзабуи бэлыхьуи зыхэт псоми Алыхьталэм къыхишынущ, къыщыщIынкIи хъуну псоми щихъумэнущ, и дэтхэнэ Iуэхури псынщIэ щищIынущ. Апхуэдэм и гур Алыхьым и нурым къигъэнэхунущ, и ерыскъыр бэгъуэнущ, фIыгъуэм и бжэхэр къыхузэIукIынущ, нэхъыщхьэ зызыхуигъазэхэм и хьэтыр къалъагъунущ, сыт хуэдэ бэлыхьми, гузэвэгъуэми, насыпыншагъэми, гуауэми къелынущ, цIыхухэм пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу хъунущ, езыр Алыхьым сыткIэ елъэIуми, къыхуищIэнущ».

А псор цIыхум къыщехъулIэнур щэлэуатым къеджэ зэпыту щытмэщ.

НэгъуэщI жыIэгъуи щыIэщ «Нарият» щэлэуатым теухуауэ: «Махуэ къэс абы 11-рэ къеджэм и ерыскъыр уэшхышхуэм удзхэр къызэрыхигъэжым хуэдэ дыдэу къиутIыпщынущ».

4444-рэ укъеджэным теухуауэ жаIэ: ар зы цIыхум и закъуэ игъэзащIэми, цIыху зыбжанэм зэхуагуэшми, хъунущ. Сымаджэ хьэлъэ щаIэм деж, псалъэм папщIэ, апхуэдэу ящI хабзэщ.

ТэрэзэкIэ бзаджагъэ зезыхьар

Зэгуэрым Динар и къуэ Малик щIэныгъэлIышхуэм и гъунэгъум и псэр зэрыхэкIыр къыжраIати, абы и деж екIуэкIащ. И псэм еджэу телъ лIым бэлыхьышхуэ зэригъэвыр и нэкIум къищырт.

- Сыт ухуэдэ? – щабэу еупщIащ абы Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Динар.

- IуащхьэшхуитI, тIури мафIэм къыхэщIыкIауэ, си пащхьэ кърагъэуващ, тIуми сыдэкIуеин хуейуэ сыхагъэзыхь, - кърitaщ гъунэгъум жэуап.

Динар сымаджэм къыщхьэщыкIри, унагъуэм еупщIащ: «Мыбы къыщыщIым щхьэусыгъуэ имыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Сыт хуэдэ хьэл абы дэфлъэгъуахэр?»

- Ар бэзэрым тетти, тэрэзитI иIэу щытащ, зымкIэ езым къищэхухэр къишэчырт, адреймкIэ цIыхухэм ярищэр къишэчырт, - жаIащ.

Динар тэрэзитIри кърихъэхьщ, зыр адрейм ириудэкIри, икъутащ, бэлыхь телъыр щигъэпсынщIэн папщIэ.

- Иджы дауэ ущыт? – еупщIащ ар сымаджэм.

- Иджы си Iуэхур нэхъеижитIщ, - кърitaщ модрейм ерагъыу жэуап, хьисэпым зэрыщIидзэм и щыхьэту.

• ЩIДАА

Журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэ

Дунейм къытехьащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ журналым и ещанэ къыдэкIыгъуэр.

МАТЕМАТИКЭ къудамэмкIэ тхыгъэ купщIафIэ къитхащ Математикэмрэ автоматизацэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэ Мэкъуауэ Рузаннэ.

Антеннэ хъар зытет БПЛА IэмэпсымэхэмкIэ я лэжьэкIэмрэ зыр адрейм зэран зэрыхуэхъужымрэ тетхыхьащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Бэвыжь Михаил.

ГеофизикэмкIэ тхыгъитI къытехуащ мы къыдэкIыгъуэм. Дунейм и щытыкIэ зызыхъуэжым мэкъумэшыр нэхъ езэгъырабгъуу зэрыхагъэхъукI IэмалхэмкIэ топсэлъыхь физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Ашэбокъуэ Борис.

Физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Ташилов Аллэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Дунейм и щытыкIэм зэрызихъуэжыр: щхьэусыгъуэхэмрэ абыхэм къикIуэ Iуэхугъуэхэмрэ» къэхутэныгъэр.

«Кавказ КъуэкIыпIэмрэ Курытымрэ, КавказщIыбым щыкI губгъуэ жыхапхъэ лIэужыгъуэхэр» фIащащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий, математикэмкIэ аспирант Жэрыкъуэ Сабринэ, КъБКъУ-м медицинэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ Щхьэгъэпсо Каринэ сымэ зэлэжьа тхыгъэм.

Техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессорхэу Шэджыхьэщ Юрийрэ Егъуэж Артуррэ я тхыгъэ къытехуащ журналым. Ар теухуащ автомашинэм и техникэ-экономикэ мардэхэр зэрырагъэфIакIуэ Iэмалхэм.

Тхыгъэ гъэщIэгъуэн ягъэхьэзыращ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат КIыщокъуэ Рустам, КъБКъУ-м медицинэмкIэ и къудамэм щIэс Мамий Аминэ, Хьэщыкъуей Илонэ, Эттеевэ Салимэ сымэ. Ахэм къаIэтыжащ Кавказ ищхъэрэм и лъэпкъ медицинэр: фэрэкI хэлъхьэным и къежьапIэмрэ абы кавказ лъэпкъхэр зэрыхуэкIуамрэ. ЩIэныгъэлIхэм зэратхымкIэ, фэрэкI узым япэ дыдэу адыгэхэм Iэмал къызэрыхуагъуэтам и хъыбарыр зыIуэтэжар Мотре де ла Абрищ. Франджыр швед пащтыхь Карл XII и тIасхъэщIэхыу щытащ. 1711 гъэм ар къэкIуащ Кавказым. «Адыгэхэм егъэлеяуэ теплъэ дахэ зэраIэр слъагъурт, бгылъэ щыпIэхэм нэхъри сикIуэтэху. ГъэщIэгъуэн сщыхъуащ фэрэкIым лъэужь къызытрина абыхэм зэрахэмытыр. ИтIанэ сыщIэупщIащ, а узыфэ зэрыцIалэм Iэмал гуэр къыхуамыгъуэтауэ пIэрэ жысIэри... Сызыпамыгъаплъэуи, Iуэхум сыщагъэгъуэзащ. Узым щахъумэнур узым кърагъэцIалэрт, фэрэкIым къищI шыным щыщ мащIэ ар къызыпкърымыхьам и лъым хагъэлъадэрт, мастэ хаIуурэ.

Мыгувэу Iэмал сихуащ адыгэхэм фэрэкIыр зэрызыхалъхьэм къуажэ гуэрым си нэкIэ сыщыкIэлъыплъыну. ДыгъуэгурыкIуэу, сэ зэхэсхащ дызыблэкI зы къуажэм дэс, илъэси 4 - 5 зи ныбжь хъыджэбз цIыкIур фэрэкI узым къызэрырагъэцIэлэнур. ЯпэщIыкIэ ар ирагъэфащ зэхэгъэва гуэр. ФохьэкIуэ (медуница) гъэгъуар и лъабжьэр и гъусэу ягъавэрт, фо хэлъу. Хъыджэбз цIыкIур бгъэдахьащ илъэсищ зи ныбжь, фэрэкI къызэуалIэу, зи щIыфэр шын къищIу щIидза щIалэ цIыкIум. Зы фызыжь гуэрым мастищ зэкIэрыщIауэ къищтэри, япэу сабийм и дзажэналъэ зэхуакум, етIуанэу и бгъэ сэмэгум, ещанэу и бынжэм, еплIанэу и Iэгу ижьым, етхуанэуи и лъэгу сэмэгум хиIуащ. Лъы къижын щIидза нэужь, сымаджэм и фэрэкIым къыхиха шыным ар кърегъэцIэлащ. ИужькIэ, уIэгъэхэм андзышым (коровяк) и тхьэмпэ гъущэхэр трилъхьащ, щынэ къалъхуагъащIэм и фэ цIыкIуитI и щхьэм трипхэри. Псори зэфIэкIа нэужь, ар и анэм шхыIэн хуабэм кIуэцIишыхьащ. Хъыджэбз цIыкIур хуабэу зэщIэкудауэ яIыгъын хуейт, бжэнышэрэ псыкIэ гъэва губгъуэпхъ (тмин) хьэнтхъупс, фохьэкIуэм, лъабжьэIэфIым (солодка), андзышым къыщIэгъэвыкIа псы ирагъафэу», - итхыжащ абы.

Зи цIыкIухэм я дахагъэмрэ узыншагъэмрэ тегузэвыхь адыгэхэм я бынхэр фэрэкIым кърагъэцIалэрт нэгъуэщI щIыкIэуи: узым шын къимыщI щIыкIэ, сымаджэ хъуам бгъэдагъэгъуалъхьэрт сабий узыншэр. Абы щыгъуэми фохьэкIуэм лъабжьэIэфIым, андзышым къыщIэгъэвыкIа псы щIыIэм куэду ирагъафэрт.

ФэрэкI зыпкърыта сабийр хъужа нэужь, унагъуэм хьэлIамэ ягъавэрти, гъунэгъухэм хурахьэкIырт. Абы къикIырт ягъэ емыкIыу я сабийм узыр зэрыпкърыкIар, узыншэ зэрыхъужар.

Фэрэкl узым зэрыпэщIэт Iэмалыр адыгэхэм къагупсыса нэужь, зэман кIыхь дэкIыжащ дунейм нэгъуэщI зы щIыпIи абы Iэмал щыхуамыгъуэту. XX лIэщIыгъуэрщ абы щытекIуар.

Тхыдэ къудамэм къитащ «Адыгэ Атлантидэ: тхыдэ щыуагъэхэм я лъэужь» зыфIащар. Ар и Iэдакъэ къыщIэкIащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Иуан Петр. Адыгэ къэралыгъуэр щащэу дунейм текъухьа зэрыхъуар Атлантидэм хуегъадэ щIэныгъэлIым, урысымрэ адыгэмрэ я зэхуаку дэлъа зэхущытыкIэм ироплъэж.

Щэнхабзэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, культуролог Къурашэ Артур тетхыхьащ да Винчи Леонардэ и анэ Катеринэ хуитыныгъэ кърату, а тхылъым нотариусыр щыхьэт техъуэжауэ и Iэ щIэлъу къагъуэтыжа дэфтэрхэм. Дызэрыщыгъуазэщи, иджыблагъэ Италием къыщыдэкIащ Леонардэ да Винчи и анэ Катеринэ теухуа тхылъ. КъызэрахутамкIэ, 15-16 лIэщIыгъуэхэм псэуа италие сурэтыщI, архитектор, щIэныгъэлI гъуэзэджэ, тхакIуэ, макъамэтх, узэщIакIуэ да Винчи Леонардэ и анэр адыгэт. Щхьэхуиту Адыгэ Хэкум (Черкесием) щыпсэуа, гъэрыпIэ ихуэу щIыналъэ жыжьэм къыщыхута, унэIут хъуа бзылъхугъэм хуитыныгъэ зэрыратыжам и щыхьэт тхылъри къагъуэтыжащ. Къурашэм и лъэIукIэ а дэфтэрыр иджырей итальяныбзэмкIэ ятхыжащ, езым ар урысыбзэкIэ зэридзэкIыжащ, тхыгъэр набдзэгубдзаплъэу иджри, зэпкърихыжащ.

Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессорхэу Агапов Евгенийрэ Пендюринэ Людмилэрэ ягъэхьэзыра тхыгъэр теухуащ ислъам диным гущIэгъур къызэрыхэщ щIыкIэм.

Журналым къытехуащ Иуан Петр «На пути к устойчивому развитию (вопросы экологии, образования и науки)» тхылъым, Щхьэгъэпсо Сэфарбий и Iэдакъэ щIэкIым хуитха рецензэр.

Мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Сюсарев Валерий рецензэ зыхуитхар Щоджэн Асхьэд и тхылъ Мейкъуапэ къыщыдэкIарщ: «Страницы жизни. 3-е издание исправленное и дополненное» жыхуиIэрщ.

Адыгэ усакIуэ Теучэж Цугъу и IэдакъэщIэкIхэм теухуауэ тхыгъэ игъэхьэзыращ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Iэщын Инус.

ФЫРЭ Анфисэ.

Шэхьбаным и жэщ лъапIэр

НэщI мазэм и пэ къихуэ етIуанэ мазэ лъапIэ Шэхьбаныр къызэрыунэхурэ тхьэмахуэ дэкIащ. Абы къикIращи, лъапIагъкIэ къэдэр жэщым куэдкIэ къыкIэрымыху, Шэхьбаным и 14-15-хэм хуэзэ БэраIэт жэщыр къэблэгъэным иIэжыр махуэ зыбжанэщ. Мы гъэм ар тохуэ мазаем и 3-м и пэ къихуэ жэщым.

БЭРАIЭТ жэщым теухуауэ хьэдис куэд щыIэщ. Алыхьыр арэзы зыхуэхъун ХьаIишэ къыбгъэдэкIыр нэхъ дахэхэм язщ.

«Уа ХьаIишэ, - жиIэри зыхуигъэзат ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и щхьэгъусэм. - Уэ пщIэркъэ мы жэщыр Шэхьбаным икурауэ зэрыщытыр? А жэщым Алыхьталэм и пщылIхэм ящыщу жыхьэнмэм къригъэлхэм я бжыгъэр Бану Къэлб лъэпкъым я мэлхэм цыуэ ятетым нэхърэ нэхъыбэщ, ауэ абыхэм яхиубыдэркъым фадэкIэ ерыщыр, адэанэм емыдаIуэу, абыхэм зи зэран езыгъэкIыр, зинэм къыхэмыкIыр, благъагъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ зэпызыудхэр, бзэгузехьэхэр, фитIнэ къэзыгъэхъейхэр».

Ардыдэр нэгъуэщI псалъэхэмкIэ ХьаIишэ къиIуэтэжу къокIуэ: «Алыхьым и ЛIыкIуэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар жэщым къэтэджыжри, нэмэзым теуващ. И сэждэр апхуэдизкIэ кIыхьти, и псэр хэтыж си гугъакъым. Апхуэдэу щыслъагъум, сыбгъэдыхьэри, и лъэхъуамбэшхуэм сеIусащ, езыми ар игъэхъейри, сэждэм здэщыIэм, мыпхуэдэу жиIэу зэхызох: «Уи гъэгъуныгъэм сожалIэ, тезыр къыстеплъхьэным зыщызгъэгъуэ-...» «Уи гъэгъуныгъэм сожалIэ, тезыр къыстеплъхьэным зыщыздзейуэ, Уэ къызэпщIэфынум сыщыщтэу, Уэ сыножэлIэж, Уэ Езым зэрызыбгъэлъэпIэжам елъытауэ, сэ УзэрызгъэлъапIэм зыри и мыхьэнэкъым».

ИтIанэ и щхьэгъэтIылъыр зэпигъэущ, и щхьэр къиIэтыжри зыкъысхуигъэзащ: «ПщIэрэ уэ мы жэщыр зыхуэдэр?» Жэуап естащ: «Алыхьымрэ абы и ЛIыкIуэмрэ нэхъыфIу ящIэ». «Мыр Шэхьбаным и курщ. Шэч хэмылъу, Алыхьу Лъагэрэ Лъэщыр и пщылIхэм къахоплъэ Шэхьбаным икуми, тобэ къэзыхьыжхэм яхуегъэгъу, бзаджагъэ зигу изылъхьахэм, абы хущIегъуэжыху, тезыр яхуигъэпсар яхуегъэIэпхъуэ».

Мазаем и нэмэз щIыгъуэхэр

• Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	05.51	07.21	12.30	15.03	17.20	19.00
2, блыщхьэ	05.50	07.20	12.30	15.04	17.21	19.01
3, гъубж	05.48	07.18	12.30	15.05	17.22	19.02
4, бэрэжьей	05.47	07.17	12.30	15.06	17.24	19.04
5, махуэку	05.46	07.16	12.30	15.07	17.25	19.05
6, мэрем	05.45	07.15	12.30	15.08	17.26	19.06
7, щэбэт	05.44	07.14	12.30	15.09	17.28	19.08
8, тхьэмахуэ	05.42	07.12	12.30	15.11	17.29	19.09
9, блыщхьэ	05.41	07.11	12.30	15.12	17.30	19.10
10, гъубж	05.40	07.10	12.30	15.13	17.32	19.12
11, бэрэжьей	05.38	07.08	12.30	15.14	17.33	19.13
12, махуэку	05.37	07.07	12.30	15.15	17.35	19.15
13, мэрем	05.36	07.06	12.30	15.15	17.36	19.16
14, щэбэт	05.34	07.04	12.30	15.17	17.37	19.17
15, тхьэмахуэ	05.33	07.03	12.30	15.18	17.39	19.19
16, блыщхьэ	05.31	07.01	12.30	15.19	17.40	19.20
17, гъубж	05.30	07.00	12.30	15.20	17.41	19.21
18, бэрэжьей	05.28	06.58	12.30	15.21	17.43	19.23
19, махуэку	05.27	06.57	12.30	15.22	17.44	19.24
20, мэрем	05.25	06.55	12.30	15.23	17.45	19.25
21, щэбэт	05.24	06.54	12.30	15.24	17.46	19.26
22, тхьэмахуэ	05.22	06.52	12.30	15.25	17.48	19.28
23, блыщхьэ	05.21	06.51	12.29	15.26	17.49	19.29
24, гъубж	05.19	06.49	12.29	15.27	17.50	19.30
25, бэрэжьей	05.17	06.47	12.29	15.28	17.52	19.32
26, махуэку	05.16	06.46	12.29	15.29	17.53	19.33
27, мэрем	05.14	06.44	12.29	15.30	17.54	19.34
28, щэбэт	05.12	06.43	12.29	15.32	17.56	19.36

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

Я нэгум гуапагъэр кърех

• ФIыщIэ

Редакцэм щIэх-щIэхыурэ къытIэрохьэ медицинэм и лэжьакIуэхэм ятеухуа фIыщIэ тхыгъэхэр. Кэнжэ къуажэм щыщ Темукуев Сэлихь иджыблагъэ и узыншагъэр щригъэфIэкIуэжащ Налшык къалэ и Дубки хьэблэм дэт, Медицинэ технологие лъагэхэмкIэ республикэ клиникэ центрым. Сэлихь къеIэза дохутырхэм фIыщIэ хуащIу къытхуэтхащ абы и бынхэр.

Щоджэн Каринэ

Къул Лианэ

«НЭГЪАБЭ дыгъэгъазэм и 24-м и жэщым си адэ Темукуев Сэлихь Лэкъумэн и къуэр, и узыншагъэм хьэлъэу игъэщхьэжагъуэу, къызэIыхьащ. Илъэс 11 хъуауэ абы и гур къоуз, нэхъапэкIэ стенд хагъэувауэ щытащ. Абы лъандэрэ пIалъэкIэрэ и узыншагъэм кIэлъигъэплъу къокIуэкI. Апхуэдэуи абы пкърытт Паркинсон и узыфэри. Сытми, а пщыхьэщхьэм дыкъеджащ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм», абы и IэщIагъэлIхэм сымаджэр зыхуэныкъуэ Iэзэгъуэр ирахьэлIащ. И лъыдэуейр лъагэти (200/110), шыIэныгъэшхуэ яхэлъу, ар зэпIэзэрыт хъужыху бгъэдэсащ. Абы папщIэ а гупым фIыщIэ яхудощI.

АрщхьэкIэ пщэдджыжьым ди адэм и щытыкIэр екIэкIуащ. Аргуэру «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» дыкъеджащ. ЗэкIэлъхьэужьу гупищ къытхуэкIуащ. Ещанэм сымаджэр Кардиоцентрым ишащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт сымаджэхэр здрашалIэ къудамэм деж щегъэжьауэ дызыхуэза дохутырхэр псори гулъытэ яхэлъу къызэрытпыкъуэкIар. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а къудамэм и дохутырхэм я цIэ-унэцIэхэр къэтщIакъым, ауэ дэтхэнэми икъукIэ дыхуэарэзыщ.

Си адэм и щытыкIэр къапщыта нэужь, 4-нэ кардиологие къудамэм щIагъэгъуэлъхьащ. А IэнатIэм и унафэщI Къул Лианэ Мурадин и пхъур жьы хъуа ди адэ-анэм гуапэу къахущытащ, гулъытэншэ ищIакъым. Пщэдджыжь къэс ар сымаджэхэр зыщIэлъ пэшхэм щIыхьэурэ я щытыкIэм зыщигъэгъуазэрт. Зи нэгум гуапагъэр кърих бзылъхугъэм и псалъэ гуапэхэмкIэ сымаджэхэм гугъэ яритыжырт мыгувэу я узыншагъэр зэрызэфIэувэжынумкIэ. Дохутырым и псалъэ гуапэри хущхъуэщ, жыхуаIэращи, апхуэдэ гулъытэм сымаджэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Паркинсон и узыфэр зыпкърытхэр гурыщхъуэщI, гу махэ мэхъу. Къул Лианэ хузэфIэкIащ ди адэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуигъуэту, и гур фIы хуэзыщIын псалъэхэр зэхригъэхын. И щытыкIэр зэрыхьэлъэм къыхэкIыу, абы пэш щхьэхуэ хухахри, кIэлъыплъыну ди анэри и гъусэу къыщIанащ.

«Дэ къыткIэлъыплъ дохутыр Щоджэн Каринэ Владимир и пхъум пщэдджыжь къэс ди Iуэху зыIутыр зригъащIэрт. ШыIэныгъэ хэлъу сымаджэм и тхьэусыхафэхэм едаIуэрти, зыхуэныкъуэ къэпщытэныгъэхэр, Iэзэгъуэр иубзыхурт. Абы къыдихьэлIа хущхъуэхэм нэхърэ и гулъытэр нэхъыбэу сэбэп къытхуэхъуауэ къысщохъу, - жеIэ ди анэ Темукуевэ Лидие.

Нобэрей зэман гугъум сымаджэхэм апхуэдэ бгъэдыхьэкIэхэр яхузиIэ дохутыр Iэзэхэр зэрыдиIэр гуапэщ. Я лэжьыгъэр зыхуэдэр, я зэфIэкIыр здынэсыр дгъэунэхуащи, дэ, шэчыншэу, тхужыIэнущ Налшык къалэ дэт Кардиоцентрым зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIэкI, дохутыр тхьэрыIуэм хуэпэж IэщIагъэлI нэсхэр зэрыщылажьэр. Дохъуэхъу абыхэм узыншагъэ яIэну, я унагъуэхэм насып илъыну!»

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Студентхэм я махуэр зэдагъэлъапIэ

Налшык къалэм ЩIалэгъуалэм я унэ дэтым щIышылэм и 23-м пшыхь гуапэ иращIэкIащ Урысейм и студентыгъуэм и махуэм.

ПШЫХЬЫР къызэIуахащ УФ-мрэ КъБР-мрэ я гимнхэмкIэ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лIыкIуэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр, жылагъуэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр, волонтёрхэр.

- Студентыгъуэм и зэманыр щIалэгъуалэм фи дежкIэ IэмалыфIщ зывужьынымкIэ. 2026 гъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу ягъэуващ. Куэд щIакъым Хэкум и хъумакIуэхэм я илъэсым къэрикIуахэм дызэрыриплъэжрэ. Зэкъуэтыныгъэр ди къару нэхъыщхьэщ, ар жылагъуэми къэралми ди лъабжьэщ. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым пщIэрэ нэмысрэ, зэныбжьэгъугъэ быдэ ди зэхуаку дэлъын зэрыхуейр, къэралыр лъэщыным теухуауэ жэуаплыныгъэ зэрытхьыр, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым. – ЩIалэгъуалэм нобэ IэмалыфI фиIэщ щIыналъэ мамырым фыщеджэну, фыщылэжьэну, фи хъуэпсапIэхэм фалъэIэсыну. Ауэ жэуаплыныгъэри зыщывмыгъэгъупщэ. Ди къэралым хуэфащэ цIыхуу фыпсэу, урысей къэралыгъуэм фыхуэпэж, Хэкум и щхьэхуитыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ я хъумакIуэхэр зыщывмыгъэгъупщэ. Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым куэд зэвгъэхъулIэну сыныволъэIу!

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат студентхэм я махуэмкIэ щехъуэхъум и псалъэм къыхигъэщащ щIалэгъуалэм я щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ ди республикэр ипэкIэ зэрагъэкIуатэр. Зи махуэр зыгъэлъапIэ щIалэгъуалэм ар ехъуэхъуащ IуэхущIэхэм тегушхуэну, республикэри къэралри зэрыгушхуэн зэфIэкI къагъэлъэгъуэну.

КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Третьяк Татьянэ студентхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ. Абы жиIащ студентыгъуэ зэманыр щIэныгъэми ныбжьэгъугъэми, хъуэпсапIэхэм хуеIэнми я щIэдзапIэ зэрыхъур.

Зэхыхьэм щагъэлъэпIащ «КъБР-р зэрыгушхуэхэр» щIыналъэ зэпеуэм щытекIуа, республикэм и жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэт, зыпэрыт IэнатIэм зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ къыщызыгъэлъагъуэ щIалэгъуалэр. Утыку къращащ «Лидер сообщества», «Спорстмен года», «Мастер своего дела», «Артист года», «Молодой учёный», «Хранитель культуры», «Волонтёр года», «Выбор молодёжи» унэтIыныгъэхэм щытекIуахэр. КъыжыIапхъэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щеджэ, щылажьэ щIалэгъуалэм къыдэкIуэу, ди щIыналъэм къыщалъхуахэм ящыщу нэгъуэщI щIыпIэхэм зэфIэкI щызэзыгъэхъулIахэми гулъытэ зэрыхуащIар.

КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт студентхэм я махуэмкIэ щехъуэхъум жиIащ зыужьыныгъэм и зэманыр темыплъэкъукIыу къагъэсэбэпыну, куэд зрагъэхъулIэну, я зэфIэкIхэм хагъэхъуэну, лъапIэныгъэхэм гулъытэ хуащIыну. Зэпеуэм щытекIуахэм министрым саугъэтхэр яритыжащ.

ЗэIущIэм щыжаIащ студентхэм папщIэ къызэрагъэпэща «Твой ход» урысейпсо Iуэхур зэрырагъэжьар. Ар къызэрагъэпэщащ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ УФ-м ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министерствэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу. Пшыхьыр щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэ жыджэр, зэфIэкI зиIэ, къэкIуэнумкIэ жэуаплыныгъэ зыхьыну хьэзыр щIэблэ къызэрыщIэувэм.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэу Третьяк Татьянэ, Насып Астемыр, Созаевэ Натэ сымэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● ЩIыпIэцIэхэр

Мэзыпс лъахэу Арщыдан

Ди къэралым и дзэ зэщIэуззэдахэм къулыкъу щызыщIа, отставкэм и полковник, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэмрэ ЕгъэджэныгъэмкIэ дунейпсо академиемрэ хэт, «Узыншагъэр хъумэным и отличник» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Тохъу Мухьэмэд адыгэхэм ди Хэкужьым ехьэлIауэ зэхуихьэсыжа, ноби зэщIигъэуIуэж щIыпIэцIэхэр апхуэдизу куэдыщэщи зы тхыгъэкIи тхыгъитIкIи къытхузэщIэмыубыдэным хуэдизщ.

НОБИ щыгъуазэ фызыхуэтщIынур ди республикэм и щIыпIэ нэхъ удэзыхьэххэм хабжэ Аргудан (Арщыдан) псыр щежэх тIуащIэм къедза Iэхэлъахэм хуэгъэза щIыпIэцIэхэрщ. Абы теухуауэ (адрей псоми къадэкIуэу) Тохъум зэхуихьэсыжар зэрымымащIэм къыхэкIыу, нэхъ гъэщIэгъуэну къэтлъытахэмкIэ къыпытщэнщ.

Аргудан и къежьапIэ (и къыщIэжыпIэ) – псы цIыкIур ищхьэхэмкIэ къыщыщIидзэ щIыпIэм апхуэдэу йоджэ, къуажэхэу Лэскэн Ипщэм и къухьэпIэмкIэ километри 3,5-кIэ, Жэмтхьэлэ Ипщэм и ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ километри 2,5-кIэ пыIухащ.

Аргудан хэлъэдапIэ (хэхуапIэ, хэхуэжыпIэ) – XIX лIэщIыгъуэм икухэм зэхагъэува, щIым и зэхэлъыкIэр къыщыгъэлъэгъуа картэжьым къызэрищымкIэ, зи гугъу тщIы псы цIыкIур Тэрч щыхэлъэдэжыр, иджырейм елъытауэ, километри 8-кIэ хуэищхъэрэу пыIухат, нэ гъуэщIу жытIэмэ иджырей Котляревскэ станицэм пэгъунэгъут.

Аргудан агъу – «Арщыдан и хэхуэжыпIэ» жыхуиIэщ. Александровскэ станицэм ищхъэрэкIэ километри 3-кIэ пыIухауэ, зи гугъу тщIы псыр Тэрч щыхэлъэдэжырщ.

Аргудан гъуэгужь – иджырей федеральнэ автомобиль зекIуапIэр пхамыш ипэ, абы километркIэ хуэнэхъ хуэищхъэрэу щыIа гъуэгужьым щыщу, Арщыданрэ Дохъушыкъуейрэ (Старэ Шэрэдж) зэпызыщIэу къекIуэкIа, ди нобэми узрихьэлIэ и Iыхьэм апхуэдэу йоджэ.

Аргудан псыбэкъу узэхуа – къуажэм хуэищхъэрэкъуэкIыпIэмкIэ километри 5-кIэ пыIудза «Дыгъужь хуей» жыхуаIэ щIыпIэм деж, псым адэкIэ-мыдэкIэ зыщиIуантIэ и жапIэм щыщу, лIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм метр 760-рэ зи кIыхьагъыу щаузэхужам аращ зэреджэр.

Аргудан Ипщэ – Аргудан къуажэшхуэм 1925 гъэм къыхагъэIэпхъукIа унагъуэ бжыгъэм къытрагъэпщIыкIа жылэ цIыкIущ, псыщхьэхэмкIэ нэхъ щыIэу. ЩрагъэтIысыкIауэ щытар «ХъэнцIэгу (Къандзэгу) гъуей» жыхуаIэ щIыпIэщ. А цIэр абдежым щыкIэрыпщIауэ щIыхуагъэфащэр, а щIыпIэм хъумпIэцIэджылъэхэм (IуащхьэцIыкIухэм) куэдыжьу уазэрыщрихьэлIэрт. Арщхьэкlэ, зэман дэкIри а фIэщыгъэр арщыдандэсхэм, гушыIэ папщIэу, зыри къызэрымыкI «ХьэнкIыргъуей» псалъэмкIэ зэрахъуэкIауэ щытащ. Арщыдан Ипщэр къызыхагъэIэпхъукIа къуажэшхуэм 1986 гъэм щыщ хъужащ.

Аргудан шытх – псыр зыдэт кIейм къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщыдэгъуэгурыкIуэ мэзылъэ шытхщ, Ерокъуэ къуажэм и ипщэ-къухьэпIэмкIэ километри 4,5-кIэ пыIухащ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ я гъунапкъэщ.

Аргудан тэмакъ – Арщыдан и псыхъуащхьэхэмкIэ узыщрихьэлIэ мэкъупIэщ.

Аргудан мэз – а цIэр зезыхьэ къуажэм и ипщэ-къухьэпIэмкIэ къыпэгъунэгъу мэзышхуэу Аргудан псым и лъэныкъуитIымкIи щыIэм зэреджэщ.

Аргуданыпс - мылыпсхэм хамыбжэ псы цIыкIущ, нэгъуэщIу жытIэмэ, мэзым къыщызыпхив псынэс цIыкIухэмкIэ зыкъыщызэщIекъуэ. Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэм къуэкIыпIэмкIэ километр 2,5-кIэ пыIухащ, Тэрч сэмэгу лъэныкъуэмкIэ щыхэлъэдэжыр Котляревскэ, Александровскэ станицитIым я зэхуакурщ.

Мэзым, и кIыхьагъкIэ къыздежэхым, Аргуданыпсым къыхэлъадэ псы бгъунж цIыкIухэм я нэхъ инщ Вагъэдзыкъуэ, Нывэкъуэ, Хъудырыкъуэ, Деикъуэ жыхуаIэхэр.

Мы псым, Аргуданым, тхыдэм и кIыхьагъкIэ цIэуэ ирамыта щымыIэм хуэдизщ. Апхуэдэу, пасэм псэуа язынықъуэ лъахэджэхэм абы фIащат «Аргос» зи фIэщыгъэу къекIуэкIа алыдж (грек) къалэм икIи къэрал щхьэхуэм зэреджэу щытар, «аргхэм я псы» мыхьэнэр кърагъэкIыу. (Твёрдый Александр «Топонимический словарь Кавказа», 2011 гъэ).

XVIII лIэщIыгъуэм Кавказым тетхыхьа, Инджылызым щыщми, Урысейм щыпсэуа географ икIи картограф Трускотт Иван «Карта, представляющая Кубань» зыфIища и лэжьыгъэу 1783 гъэм къыдэкIам Аргуданыр зэрыритхар «Арбудан» цIэмкIэщ.

XVIII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм дунейм къытехьа «Карта Малой Кабарды, Осетии, части Ингушетии и Чечни» жыхуаIэмрэ «Течение реки Терека, Большой и Малой Кабарды с около Кавказов лежащими странами» и фIэщыгъэу 1772 гъэм къыдэкIа тхыгъэмрэ Арщыдан псыр зэритыр «Будан» фIэщыгъэмкIэщ.

Дубровин Николай «История войны и владычества русских на Кавказе. Народы, населяющие Кавказ. Том I» жыхуиIэм зи гугъу тщIы мэзыпсыр зэрыритхар «Ардуган» цIэмкIэщ.

ЗыгъэхьэзырарКЪУМАХУЭ Аслъэнщ.

Сакъыныгъэр ягъэнэхъыщхьэ

Урысей МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Хьэщхъуэжь Елдар иригъэкIуэкIащ 2025 гъэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм, дызыхыхьа илъэсым къапэщытхэм ятеухуа пресс-конференц.

ИЛЪЭС блэкIам IуэхущIапIэм гулъытэ хэха хуищIащ республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр гъэбыдэным, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм щыхъумэным, мафIэсым, псыхэм пыщIахэри хыхьэу. Абыхэм егъэщIылIауэ Iуэху 400-м щIигъу ирагъэкIуэкIащ.

Къищынэмыщlауэ КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ комиссэм и зэIущIэу 8, зыгъэсэныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 520-рэ.

2025 гъэм республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэу 5, социальнэ мыхьэнэ зиIэу 4 къыщыхъуащ. Абыхэм я зэран екIащ цIыху 5132-м, 20-м фэбжь хахащ, 6 хэкIуэдащ, 56-рэ кърагъэлащ.

- Гулъытэ хэха хуэтщIащ нэгъабэ и бадзэуэгъуэм Тырныауз къыщеха, щIыуэ кубометр мелуани 4-м щIигъу къыздезыхьэха ятIэпсым пэщIэтыным. Жэщ-махуэм къриубыдэу Герхожан-Су псым плъырхэр зэрыщыIам икIи и чэзум щIыпIэм щыпсэухэм хъыбар зэрырагъэщIам я фIыгъэкIэ, абы цIыху хэкIуэдакъым. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр фокIадэм и 10-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIащ, - жиIащ Хьэщхъуэжьым

ШыщхьэуIум и 8-м Налшык Кизиловкэ цIыкIу удэзыш, цIыху 23-рэ зэрыса кIапсэ гъуэгур щызэпычащ. Плъыр къулыкъухэм кърагъэлащ цIыху 15, абыхэм ящыщу 6-м фэбжь ягъуэтащ. КъыкIэлъыкIуэу, фокIадэм и 12-м зэпыудащ Iуащхьэмахуэ бгым, «Мир», «Гарабаши» станцхэр зэпызыщIэ кIапсэ гъуэгур. Абы къргъэIэпхъукIащ цIыху 35-рэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, цIыхуи 3 хэкIуэдащ. Зи узыншагъэм сэкъат игъуэтахэм и чэзум ядэIэпыкъуащ.

МафIэс щытыкIэм и гугъу щищIым Хьэщхъуэжьым къызэрыхигъэщащи, абы пэщIэт IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм нэгъабэ мафIэс 2163-рэ ягъэункIыфIащ, абыхэм къыщрагъэлащ цIыху 200-м щIигъу, сом мелардым щIигъу и уасэ мылъкуи зейхэм хуахъумащ. МафIэсхэр къркIуащ мысакъыныгъэмрэ электроIэмэпсымэхэр тэмэму къызэрамыгъэсэбэпымрэ.

ИрагъэкIуэкIа профилактикэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэ 900-м щIигъум и фIыгъэкIэ мафIэсхэм щыхэкIуадэхэр процент 25-кIэ, фэбжь зыгъуэтхэр проценти 4,5-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. ЩытыкIэ гугъум къиихута быныбэ унагъуэхэмрэ цIыхухэмрэ мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ хъыбар къозыгъащIэ Iэмэпсымэу 39-рэ иратащ «Iуэху гуапэу 35-рэ» жыхуиIэм ипкъ иткIэ.

Урысей МЧС-м и инспекторхэмрэ къегъэлакIуэхэмрэ зэщIыгъуу псыежэхрэ гуэлу 69-рэ къаплъыхьащ икIи цIыхухэм зэрызахъумэжыным ехьэлIа чэнджэщхэр иратащ. Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм Iуэху щхьэпэхэр щыдрагъэкIуэкIащ сабий 1900-м щIигъум.

Апхуэдэ я эжьыгъэм егугъуами, республикэм и псыхэм цIыхуи 7 щыхэкIуэдащ. Щхьэусыгъуэр хуит ямыщI щIыпIэхэм зэрызыщагъэпскIарщ, псым зэрызыщIыгъыпхъэ хабзэм зэрытемытарщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыплъыхьакIуэхэр къыдэзыхьэхщ, 2025 гъэм абы къэкIуащ цIыху мелуан 1,5-м щIигъу, псом хуэмыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ. Урысей МЧС-м и Iуащхьэмахуэ бгылъэ лъагэ къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым Iуэхуи 127-рэ ирагъэкIуэкIати, абыхэм цIыхуи 159-рэ къыщрагъэлащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, цIыху 18 хэкIуэдащ. Бгыхэм дэкIыну мурад зыщI дэтхэнэри къыхудоджэ щызекIуэну щIыпIэхэр ирагъэтхыну. Iэмал имыIэу япэщIыкIэ псори зэпэлъытын хуейщ дунейм и щытыкIэр зыхуэдэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ. Гъуэгум техьэн ипэкIэ страховкэ ирагъэтхыну, спутник телефон е GPS-трекер къыздащтэну чэнджэщ ядот, - жиIащ Хьэщхъуэжьым.

ЗыгъэпсэхупIэр уэсукхъуэхэм щахъумащ абы пэщIэт Iуащхьэмахуэ гупым. Илъэс кIуам апхуэдэхэу къуршхэм 10 кърагъэхащ,

Управленэм и унафэщIым къызэрыхигъэщащи, федеральнэ мылъкумкIэ 2025 гъэм республикэм къыIэрыхьащ техникэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэу 11, нэгъуэщI транспорт хэхахэр.

ЗэIущIэм и кIэухым Хьэщхъуэжь Эльдар жиIащ яубзыхуа лэжьыгъэхэр зэрагъэзэщIар, оперативнэ щытыкIэм я нэIэ зэрытетыр, Урысей МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэр къыхуагъэува къалэнхэр зэфIэхыным зэрыхуэхьэзырыр.

Хьэщхъуэжьым журналистхэм я упщIэхэми жэуап зэпкърыха яритащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Дызэкъуэту

ЛIыхъужьхэм дахуэпэжу

«ЛIыхъужьхэм я фэеплъым дыхуэпэжщ» урысейпсо зэпеуэм папщIэ ягъэхьэзыра тхыгъэхэм я нэхъыфIу къалъытащ Къэрэгъэш къуажэм и курыт еджапIэ №1-м и еджакIуэ Тэмазэ Алинэ и эссер. Зэхьэзэхуэр къызэригъэпэщащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым.

- ЛIЫХЪУЖЬХЭМ я фэеплъыр хъумэнымкIэ гъуазджэр IэмалыфIщ. Абы щыхьэт тохъуэ Донбассымрэ Новороссиемрэ щхьэхуит къызэращIыжам, дзэ Iуэху хэхам хыхьэу Урысейм и цIыхубэм зэрахьа лIыгъэм теухуауэ ягъэхьэзыра теплъэгъуэхэр, - жиIащ ДНР-м и ЛIыхъужь, «Спарта» батальон цIэрыIуэм и унафэщI, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Урал федеральнэ округым щыIэ Жогэ Артём.

Зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм абы и къалэн нэхъыщхьэу къагъэлъэгъуащ: дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужьхэм пщIэ хуащIу щIэблэр къагъэхъуныр; дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я унагъуэхэм щыщхэм гъуазджэм щаIэ зэфIэкIхэр ягъэлъэгъуэну Iэмал етыныр; дзэ Iуэху хэхам хэтахэм зэрахьа лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэу, щIэблэм Хэкур фIыуэ ялъагъуу икIи абы иригушхуэу къэгъэхъуныр.

Лэжьыгъэхэр унэтIыныгъэу 9-кIэ гуэшауэ щытащ. Абыхэм ящыщт эссе тхыныр, усэ къеджэныр, уэрэд жыIэныр, сурэт щIыныр. Зэпеуэм хэтащ курыт еджапIэм кIуэ ныбжьыщIэхэри нэхъыжьыIуэхэри. КъызэщIэпкъуэжмэ, къэралым и цIыху минищым щIигъум ныззэрохьэс абыхэм я бжыгъэр.

Къэрэгъэш къуажэм и курыт еджапIэ №1-м щеджэ Тэмазэ Алинэ пашэ щыхъуащ «Эссе» унэтIыныгъэм, «Династия военных. Специальная военная операция рождает поколение новых героев» и лэжьыгъэмкIэ.

УФ-м и ЛIыхъужь Тэмазэ Тимур и къуэш нэхъыжьым ипхъущ Алинэ. И егъэджакIуэ Нафонэ Заретэ зэпеуэм и зэфIэкI щеплъыжыну къыщыжриIэм, ар занщIэу арэзы хъуащ. И егъэджакIуэм и гъусэу зэхьэзэхуэм и мардэхэм зыхагъэгъуазэри, эссер къыхахащ. Абы щыгъуэ Алинэ игу къэкIыжат Хэку зауэшхуэм хэта абы хиха фэбжьым и зэранкIэ Къэзахъстаным щыIэ сымаджэщым дунейм щехыжа и адэшхуэ Тэмазэ Хьэжджэрий теухуауэ и анэшхуэм къыхуиIуэтэжахэр. Унагъуэм и тхыдэм ириплъэжри, и егъэджакIуэр и дэIэпыкъуэгъуу, Алинэ эссем къыщызэщIикъуэжащ и анэшхуэ Тэмазэ Къэрэжан, и адэшхуэ Тэмазэ Мухьэмэд, и адэм и къуэш нэхъыщIэ Тимур сымэ я лъэныкъуэкIэ зауэм щызэрахьа лIыгъэр.

Тэмазэ Алинэ унагъуэшхуэм къыхэкIащ: ар и анэшхуэм, и адэ-анэм, и дэлъхуитIым я гъусэу мэпсэу. НэхъапэIуэкIэ абыхэм я гъусэу псэуащ зи гъащIэ гъуэгуанэр щапхъэу къалъытэ, къэралым и тхыдэм зи цIэр къыхэна я адэ къуэш Тимур и унагъуэр щIыгъуу. Къэралым и нобэмрэ пщэдеймрэ зэлъыта лIыхъужьхэм я унагъуэмрэ Хэкумрэ хуаIэ лъагъуныгъэр, къыхуагъэна лъапIэныгъэхэр щIэблэм зыщагъэгъупщэркъым.

Къэрэгъэш къуажэм и курыт еджапIэ №1-м и унафэщI Шал Марьянэ зэрыжиIэмкIэ, Тэмазэ Алинэ щеджэ классми школми я жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтщ, тхылъ еджэну фIэфIщ, уэрэд жыIэнымрэ сурэт щIынымрэ дахьэх. КъинэмыщIауэ, зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIыныр абы и жэрдэмщ. УнафэщIым къызэрилъытэмкIэ, нэхъыжьхэмрэ щIэблэмрэ зэпызыщIэ лэжьыгъэхэр зэпеуэ къудейкъым, атIэ хэкум и хъумакIуэхэм я лIыгъэм пщIэ зэрыхуащIым, абыхэм я фэеплъыр зэрызыщамыгъэгъупщэм, ахэр щIэблэм я деж зэрынахьэсым и щыхьэтщ.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым

● Шыгъажэ

Бахъсэн къалэм хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм щыIэ «Джэдыкъуэ Плъыжь» шы спорт комплексым щекIуэкIащ шыкIэ гъуэгуанэ кIыхьхэр зэпычынымкIэ къызэрыхах зэхьэзэхуэхэр. Ар хуагъэпсауэ щытащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Санкт-Петербург къалэм, Мэзкуу, Ленинград, Липецк областхэм, Ставрополь крайм я шуейуэ 58-рэ.

КИЛОМЕТР 80 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр зэпычынымкIэ зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьащ Зыхъуэ Замир, «Богема 7» шым тесу (КъБР), «Тайкан» шымкIэ етIуанэу къэсащ ди республикэм и шууей Урчыкъуэ Заурбэч. Мыбдежым ещанэ щыхъуащ Хьэмыз Башир, «Зуэ» шымкIэ (Ставрополь край).

Километр 40 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу зэпычынымкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIищыр щаубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм. КIэмыргуей Елдар япэу къэсащ «Вагъуэ цIыкIу» шымкIэ, ЦIыпIынэ Астемыр «Бурак» шымкIэ етIуанэ, КIэбышэ Олег «Аркъэн» шымкIэ ещанэ хъуахэщ.

Килограмм 95-м щIигъу зи хьэлъагъ шуейхэм я деж а гъуэгуанэ дыдэр псом нэхърэ нэхъ псынщIэу зэпичащ Мырзэкъан Азэмэт, «Тамбий» шымкIэ.

Километр 20 зи кIыхьагъ гъуэгуанэри нэхъ псынщIэу къакIуащ ди шуейхэм: АфэщIагъуэ Беслъэн «Хъан» шымкIэ япэу, Быф Заур «Къэзэуат 62» шымкIэ етIуанэу, Хьэгъэжей Ибрэхьим «Щолэхъу» шымкIэ ещанэу къэсахэщ.

Килограмм 95-м щIигъу зи хьэлъагъ шуейхэм я дежи щытекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэхэр. Мыбдежым «Бадр» шымкIэ япэ увыпIэр къихьащ ЛIызам Артур. Мэлбахъуэ Мурат «Цыплъ цIыкIу» шымкIэ етIуанэ, Мамхэгъ Астемыр «Куба 13» шымкIэ ещанэ хъуахэщ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр иратащ.

КЪУЭЖЕЙ Iэмин.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.203
Заказыр №109
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(1, 2-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.